ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№15 (24.765) • 2025 гъэм мазаем (февралым) и 4, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Сталинград иIащ мыхьэнэшхуэ

КъБр-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым щытепсэлъыхьащ Сталинград зауэзэрылIым и мыхьэнэм:

«МАЗАЕМ и 2-м Урысейм щагъэлъапIэ ЗауэлI щIыхьым и махуэр. советыдзэм нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэр щызэтриукIа, Сталинград зауэзэрылIыр щиуха махуэм и фэеплъщ ар.

Хэку зауэшхуэм нэхъ лъыгъажэшхуэу хэта Iыхьэхэм язщ Сталинград зауэзэрылIыр. Ар екIуэкIащ жэщ-махуэ 200-кIэ, 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м щегъэжьауэ 1943 гъэм мазаем и 2 пщIондэ.

Тэнрэ Индылрэ япэгъунэгъуу зызыукъуэдия фронтыр километр 850-м нэблагъэт. Нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къалэм и Iыхьэшхуэ яубыдыну яхузэфIэкIат, ауэ совет зауэлIхэри псэемыблэжу Индыл Iуфэм Iутт, арщхьэкIэ бийр псым хадзэну яхузэфIэкIыртэкъым.

1942 гъэм и щэкIуэгъуэм «Уран» зыфIаща операцэм щIидзащ. Советыдзэр Сталинград бийм къыIэщIигъэкIыжын папщIэ, нэмыцэ-фашистыдзэм ебгъэрыкIуауэ арат абы щыгъуэ икIи зауэзэрылIыр ди дзэм я текIуэныгъэкIэ мазаем и 2-м иухащ.

Сталинград зауэзэрылIым Хэку зауэшхуэми ЕтIуанэ дунейпсо зауэми я екIуэкIыкIэр ихъуэжат, сыту жыпIэмэ, абдежырщ къыщынэIуар Германием и къарум пэщIэувэн зэрыщыIэр. А махуэм щегъэжьауэ бийм и дамэгъухэми я Iуэху еплъыкIэр яхъуэжауэ щытащ».

ЦIыхугъэм и уасэр

• Жылагъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIахыжам, Ленинград къалэр къэухъуреихьыныгъэм къызэрикIам, Сталинград къалэм деж щекIуэкIа зауэ гуащIэм ятеухуат Налшык къалэ ЩIыхьым и мыужьыхыж мафIэм деж щекIуэкIа пэкIур.

ЦIЫХУШХУЭ зэхуэзышэса Iуэхум хэтащ КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэхэр, Налшык къалэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и къулыкъущIапIэм и лэжьакIуэхэр, ветеранхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм щеджэхэр, къалэдэсхэр, зыгъэпскIуэхэр.

ПэкIур къыщызэIуахым жэрдэмыр къыхэзылъхьахэм къыхагъэщащ ар Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуищым ехьэлIауэ зэрыщытыр. Япэрауэ, щIыналъэр зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIахыжри, цIыхубэм Iэмал игъуэтыжащ зэуапIэм ит щIалэхэм ядэIэпыкъуным хуэунэтIауэ я гуащIэдэкIыр къызэщIэгъэрыуэжын. ЕтIуанэрауэ, Ленинград къалэр блокадэм къызэрикIам и хъыбарым цIыхухэм я фIэщхъуныгъэр нэхъ лъэщу къызэщIигъэушащ, сыт хуэдэ гузэвэгъуэми кIэ зэриIэнур хьэкъыу япхигъэкIащ. Ещанэрауэ, Сталинград деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм къигъэлъэгъуащ сыт хуэдиз лъэщагъ бийм имыIэми, зи адэжь лъахэ зыхъумэжхэм уазэрыпэмылъэщынур, пэжыр зи лъэныкъуэм гъуэгу зэригъуэтыр. Сталинград къалэр къапщтэмэ, Кавказ щIыналъэм и IункIыбзэIухыр къыIэрыхьауэ къэзылъытэ бийм и гуращэхэр къызэремыхъулIам къэралым щыпсэухэр нэхъри зэкъуигъэуващ - ар ТекIуэныгъэр гъунэгъу къэзыщI щхьэусыгъуэхэм ящыщт. ПIалъэ кIэщIым къриубыдэу къызэдэхъуа а Iуэхугъуищым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр я гукъыдэжыр къиIэтыжат, я гущIыIум къихьэну хущIэкъу бийр къызэрыкIа гъуэм нэс яхужыну Iэмал зэрыщыIэр иджыри зэ наIуэ ящищIат.

Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Кавказым щхьэкIэ екIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм бийр щIыналъэм ихужынымкIэ Налшык къалэм мыхьэнэшхуэ иIащ. Плъыжьыдзэм и къарур зэгъэуIужыным, фронтым ягъэхь дэIэпыкъуныгъэр щIэгъэхуэбжьэным хуэунэтIауэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къекIуэлIапIэ-зэбгрыкIыпIэ лъэщ хъуат. Ди щIыналъэр бийм мазитхукIэ IэщIэлъащ. Бийм илъагъурт цIыхубэр зэрызэрыIыгъыр, шынэ имыщIэу къызэрыпэщIэтыр, зэрыхъукIэ хэщIыныгъэ къызэрыритыр. Арагъэнущ бийм ди щIыналъэм и экономикэм удынышхуэ къыщIридзауэ щытар. Сыт хуэдизу зэрыпхъуакIуэхэм ди цIыхубэр игъэшынэну хэмытами, ар хузэрыщIыкIакъым икIи хуэгъэшынакъым. Апхуэдэххэурэ 1943 гъэм щIышылэм и 4-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрыр, итIанэ - щIышылэм и 11-м - зэрыхэгъэгуу хуит къащIыжауэ щытащ.

Пщыгъупщэнкlэ Iэмал зимыIэ лIыгъэ къызыкъуэзыха цIыхубэм Хэку зауэшхуэм щызэрахьа хахуагъэри, мамыр гъащIэр къаззэуа нэужь, экономикэмрэ щэнхабзэ гъащIэмрэ зэфIэгъэувэжынымкIэ къалъыкъуэкIа гуащIэри къалъытэри, 1985 гъэм Налшык къалэм Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщауэ щытащ, 2010 гъэм Зауэ щIыхьым и къалэ цIэр къыфIащащ.

Хэку зауэшхуэм и тхыдэм ущриплъэжкIэ, бийм Ленинград къалэр къиувыхьу махуэ 872-кIэ зэриIыгъам укъимыгъэсклэнкIэ Iэмал иIэкъым, цIыхуфэр Iувщ, жыхуаIэм и пэжри нэхъри зыхыбощIэ. Махуэ щIагъуэ къэмынэу кхъухьлъатэхэр къащхьэщыхьэрэ топыр къытрагъэлъалъэу, къалэм къыдэуэрэ псэуалъэхэр зэхакъутэу, лажьэ зимыIэ цIыхухэри къыдэкIыну яхузэфIэмыкIыу екIуэкIащ. ЩIыIэмрэ мэжалIэмрэ игъэкIуэдам я бжыгъэр къэлъытэгъуейщ. Ауэ фIэщхъуныгъэ зиIэ къалэдэсхэр нэмыцэдзэм пикIуэтакъым: заводхэмрэ фабрикэхэмрэ лажьэрт, зи гуащIэ щымыгугъыфыну сабийхэмрэ лIыжь-фызыжьхэмрэ лъагъуэ щэхукIэ дашырт. Бийм къалэр лъэгуажьэмыщхьэкIэ игъэтIысыну хэтами, и гуращэхэр къехъулIакъым. Ленинград къылъыкъуэкIа лIыгъэр къэрал псом дежкIэ щапхъэти, блокадэр зэрыщхьэщахыжам и махуэми лъапIэныгъэ иIэт.

Сталинград деж щекIуэкIа зауэр къызэрыгуэкIтэкъым. Абы къигъэлъэгъуар Плъыжьыдзэм и къарум и закъуэкъым, атIэ абдеж къыщагъэтIыса бийр къызэрыпхуигъэкIуэтынури, абы кърихьэжьа идеологием кIэ зэрептыфынури нахуэ хъуащ. Сталинград зэхэуэм зэрихъуэкIар Хэку зауэшхуэм и кIуэкIэм и закъуэкъым - ЕтIуанэ дунейпсо зауэм хэша хъуа къэралхэми я Iуэху еплъыкIэхэм зригъэхъуэжащ, цIыхубэр зыхуеймрэ ар зыхуэныкъуэмкIэ дунейпсо политикэр зи Iэмыщlэ илъхэр иригъэгупсысащ.

Илъэс 80-м нызэрыхьэсащ Хэку зауэшхуэр зэрыувыIэрэ. Ауэ абы щагъэуа топышэхэм, фочышэхэм я фий макъыр иджыри къыздэсым увыIакъым. УсакIуэ цIэрыIуэ Гамзатов Расул зэгуэр жиIэгъат: сыт хуэдиз зауэлIым иужьрей увыIэпIэр ягъуэтын хуей, Хэку зауэшхуэр иухауэ ди фIэщ хъун щхьэкIэ... Ущегупсыскlэ, гур къогъыкI...

Хэкум и хъумакIуэм и илъэсщ 2025 гъэр - зауэлIым и фэеплъыр къыщаIэтыж икIи щагъэлъапIэ илъэсщ. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм дахуэщыгъуэныр, ди щхьэхэр яхуэдгъэщхъыныр псэ зыIутхэм ди къалэнщ, ауэ зыкIи нэхъ мащIэкъым абыхэм къытхуазэуа мамырыгъэр хъумэнымкIэ ттелъ къалэнри. А гупсысэр псэуныгъэм, гъащIэм тепщэ щыхъуну ящогугъ.

ШУРДЫМ Динэ.

Зыри гулъытэншэ ящIыркъым

«Хэкум и къыщхьэщыжакIуэхэр» фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм СВО-м хэтхэмрэ абы къикIыжахэмрэ ядэIэпыкъунымкIэ и лэжьыгъэр зэпыуркъым. Иджыблагъэ фондым Аруан районым щыIэ и IуэхущIапIэм медицинэ Iуэхутхьэбзэ хуэныкъуэу зыкъыхуигъэзащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIа Хьэпэ Альберд. Ветераным фондым и лэжьакIуэхэр дэIэпыкъуащ и узыншагъэм кIэлъыгъэплъын папщIэ зыхуеину дэфтэрхэр зэригъэпэщынымкIэ. Ар и узыншагъэм щыкIэлъыгъэплъыну ягъэкIуащ «Волгоград» реабилитацэ центрым. Ветераным фондым и щIыналъэ къудамэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ дзэ Iуэху хэхам хэтахэмрэ абы щыIэ сэлэтхэмрэ гулъытэ зэрыхуащIым папщIэ.

ХЬЭПЭ Альберд къыщалъхуащ, икIи къыщыхъуащ Нарткъалэ. Абы дэт курыт еджапIэ №5-р къиуха нэужь, Хьэмдэхъу Башир и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIы-промышленнэ колледжым щIэтIысхьащ. АдэкIэ дзэм хэтащ. Къулыкъу нэужьым лэжьыгъэ IэнатIэ пэрыуващ, унагъуи хъуащ. Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам даша щIалэм лIыгъэ хэлъу зыкъыщигъэлъэгъуащ, къалэныр жэуаплыныгъэ пылъу ирихьэкIащ. СВО-м ар илъэскIэ щыIащ лагъымыдзгъауэу, ебгъэрыкIуэ бригадэм хэтащ. Хьэпэм и унагъуэм бын ещанэр къахэхъуа нэужь, ар къагъэкIуэжащ республикэм.

Мы зэманым СВО-м щымыIэми, ар щIэблэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэтщ, курыт еджапIэхэм щрагъэкIуэкI хабзэ «ЛIыгъэм и дерс» Iуэхухэм ирагъэблагъэ. Апхуэдэуи, псапэ зыпылъ Iуэхухэм и лэжьыгъэ хелъхьэ, СВО-м щыIэ ди зауэлIхэм ерыскъырэ зыхуеину хьэпшыпхэмрэ яхуегъэшэныр къызэзыгъэпэщхэм яхэтщ.

ГЪУЭТ Синэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къыхагъэщ

Урысей къэрал библиотекэм (Москва къалэм) иджыблагъэ щекIуэкIащ «Щэнхабзэм и зэхъуэкIыныгъэфIхэр: библиотекэхэр зэрырагъэфIакIуэр» урысейпсо зэхуэсышхуэр.

АБЫ ЩЫЗЭХУЭСАЩ Урысейм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэмрэ IэщIагъэлI нэхъ пажэхэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу Москва щыIащ Бахъсэн районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Iэхъуэбэч Андзор.

Зэхыхьэм щытепсэлъыхьащ къэралым библиотекэ IэнатIэм зэрызыщрагъэужьыфыну Iэмалхэм. Апхуэдэуи «Щэнхабзэ» лъэпкъ Iуэхум ипкъ иткIэ лэжьыгъэшхуэ езыгъэкIуэкIа щIыналъэхэр ягъэпажащ. «Муниципальнэ библиотекэхэм лъэпкъ хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ щыхъумэн» Iыхьэм къыщыхагъэщхьэхукIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр - абы къыхуагъэфэщащ «ЕхъулIэныгъэхэм папщIэ» медалымрэ щIыхь тхылърэ. А лъэпкъ Iуэхур гъэзэщIэным йогугъу Бахъсэн щIыналъэр. Псалъэм папщIэ, 2023 гъэм Къыщпэк къуажэм къыщызэIуахащ япэ модельнэ библиотекэр. Мы гъэми апхуэдэ зы IуэхущIапIэ щаухуэнущ Ислъэмей къуажэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Поликлиникэр къызэIуахыж

Щоджэным и цIэр зезыхьэ уэрамым тет Сабий поликлиникэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щызэфIэкIащ. Ар ирагъэкIуэкIащ цIыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэ щыхуащIэ медицинэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын программэм ипкъ иткIэ.

МЕДИЦИНЭ IуэхущIапIэм и унэм и бжэ, щхьэгъубжэ блыпкъхэр яхъуэжащ, инженер-коммуникацэхэр яхъуэжащ, унэ лъэгу къагъэщIэрэщIэжащ. КъищынэмыщIауэ, щылажьэхэми къекIуалIэхэми я тыншыпIэм хуэщIауэ зэхъуэкIыныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ - псалъэм папщIэ, чэзум щежьэ плIанэпэ къыщызэрагъэпэщащ, ОРВИ узыфэр зыпкърытхэм мыдрей сымаджэхэмрэ я щIыхьэпIэхэр зэхагъэщхьэхукIащ, диагностикэ, къыщеIэзэну, дохутырхэр щылажьэ пэшхэр нэхъ тыншу къызэрагъуэтыным хуэдэу зэкIэлъахьащ.

Поликлиникэм и кIуэцIыр сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщ хъуащ, пэшхэр хуитщ, нэхущ, иджырей Iэмэпсымэхэмрэ унэлъащIэхэмрэ щIагъэуващ.

IуэхущIапIэм медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ сабий мини 10-м щIигъум, махуэ лэжьэгъуэм абы къокIуалIэ цIыхуи 150-рэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 721-рэ кIэпIейкIи 4-рэ;

фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 658-рэ кIэпIейкIэ 36-рэ.

Ди индексыр П5894

Ди къуэш республикэхэм

ЩIыналъэм щыяпэу

АДЫГЕЙ. ***Республикэ клиникэ сымаджэщым щIыналъэм щыяпэу ревматологие къудамэ къыщызэIуахащ.***

АР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Мерэтыкъуэ Рустем жиIащ иужь илъэсхэм республикэм лъынтхуэ узхэм игъэгузавэхэм я бжыгъэм зэрыщыхэхъуар. Мы зэманым ахэр 1500-м нызэрыхьэсащ. КъулыкъущIэм и псалъэм ятепщIыхьмэ, а узыфэм къыхигъэзыхьхэр нэхъыбэ зэрыхъуар зыкъомкIэ и зэранщ коронавирусым.

Ревматологие къудамэм зэуэ щеIэзэфынущ цIыху 20-м. Махуэ стационарым гъуэлъыпIи 3 щIэтщ икIи абы щолажьэ дохутыр-ревматологыу тIу.

Хэкур хъумэнырщ нэхъыщхьэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***КъШР-м щыщIидзащ хэкупсэ, спорт, цIыхубэ зыхъумэжыныгъэ мазэ лэжьыгъэм. Ар йокIуэкI «ЩыIэщ апхуэдэ IэщIагъэ - Хэкур хъумэн» къыхуеджэныгъэм щIэту.***

РЕСПУБЛИКЭМ мы Iуэхур щрагъэжьащ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъумрэ егъэщIылIауэ. Ар мазаем и 23 хъуху кIэ екIуэкIынущ.

Мы Iуэху щхьэпэм къыщыхэжанык Iа курыт школхэм КъШР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъхэри иратынущ. Ахэр Волгоград къалэ лIыхъужьым ягъэкIуэнущ махуищкIэ зыщаплъыхьыну.

Тенджыз Iуфэр къагъэщIэращIэ

АБХЪАЗ. ***Очамчыр и деж тенджыз Iуфэм ирикIуэ лъэс лъагъуэм щыщу метр 700-м нэс плиткэхэмкIэ къищIыкIыным ехьэлIа лэжьыгъэр мазэрэ ныкъуэм къриубыдэу зэфIагъэкIынущ, жиIащ районым и администрацэм туризмэмкIэ, къэрал зэхуаку зэпыщIэныгъэхэмкIэ, СМИ-хэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и унафэщI Кобахие Дмитрий.***

- ПЛИТКЭХЭР иралъхьэу щIадзащ 2024 гъэм. Псори зэхэту километри 4-м щIигъу зи кIыхьагъ щIыпIэм щыщу метр 1100-м нэсым а лэжьыгъэр щызэфIэкIащ, - жиIащ абы.

Мы Iуэхум трагъэкIуадэ мылъкур къызыхэкIыр Очамчыр районым и бюджетырщ. Пэхуэщlэр сом мелуани 7,5-рэ и уасэщ. Абы къызэщIеубыдэ метр зэбгъузэнатIэ мини 2,5-рэ.

Кобахие Дмитрий къызэрыхигъэщащи, а Iуэхум гулъытэшхуэ хуащI, сыту жыпIэмэ, къалэдэсхэми хьэщIэхэми абдеж къыщакIухьыну, зыщагъэпсэхуну яфIэфIщ. Нэгъабэ лэжьэн щIэзыдза «Жемчужина» хьэщIэщым зыплъыхьакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэм куэдкIэ хигъэхъуащ.

Плиткэ илъхьэным и закъуэкIэ зэфIагъэкIыркъым. Мыбы апхуэдэу щагъэуващ тетIысхьэпIэпIэщIэхэр, щыфIадзащ видеокамерэхэмрэ уэздыгъэхэмрэ, щыхасащ удз гъэгъахэмрэ чыцэхэмрэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

КъызэрымыкIуэ щытыкIэ къэхъуакъым

Урысей МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и генерал-майор Надёжин Михаил 2024 гъэм я лэжьыгъэм кърикIуахэм ятеухуа пресс-конференц иригъэкIуэкIащ.

IУЭХУЩIАПIЭМ и унафэщIым къызэрыхигъэщащи, 2024 гъэм республикэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къыщыхъуакъым. КъегъэлакIуэхэр хэтащ зыгъэсэныгъэ зэмылIэужьыгъуэу 530-м.

Социальнэ мыхьэнэ зиIэ къэхъукъащIэу 9 ятхащ. МафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ гупхэр псори зэхэту 3700-рэ ираджащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхъуащ мафIэс 2147-рэ, абыхэм къыщрагъэлащ цIыху 25-рэ, шынагъуэ здэщыIэ хъуа щIыпIэхэм цIыху 286-рэ къраш ащ, сом мелардым щIигъу и уасэ мылъкуи зейхэм хуахъумащ. МафIэсхэм хэкIуэдащ цIыху 12, фэбжьхэр 45-м щагъуэтащ. МафIэсгъэунэкIыфI-къегъэлакIуэхэр псынщIэу икIи зэщIэгъэуIуауэ Iуэхум зэрыбгъэдыхьэм и фIыгъэкIэ лыгъэхэм зрамыгъэубгъуу ягъэунэкIыфIащ.

Гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным епха Iуэху 639-м хэтащ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр, цIыху 15 кърагъэлащ.

Управленэ нэхъыщхьэм и лэжьакIуэхэм кIэлъыплъыныгъэм ехьэлIауэ зыхуагъэувыжа къалэнхэр нэсу зэфIагъэкIащ. Илъэс кIуам мафIэсым зыщыхъумэнымкIэ хабзэм къигъэувхэр уэим ящIу 900-рэ къыщIагъэщащ, административнэ хабзэм зэребэкъуар къыщигъэлъэгъуа Iуэхуи 105-рэ къаIэтащ. IэщIагъэлIхэм профилактикэ Iуэху 12000-м щIигъу ирагъэкIуэкIащ икIи социальнэ мыхьэнэ зиIэ объектхэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къыщагъэхъуакъым.

МафIэсхэм хэкIуадэхэр проценти 37-кIэ, фэбжь хэзыххэр процент 26-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ зэфIаха профилактикэ лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ.

Псыдзэхэр къиуным, псы Iуфэхэр гуэщэтыным ехьэлIа щытыкIэ къызэрымыкIуэхэр щыIакъым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, республикэм и псыхэм цIыхуи 9 щыхэкIуэдащ. Насыпыншагъэхэр къыщыхъуащ зыщагъэпскIыну хуит щамыщI щIыпIэхэм.

УнафэщIым къызэрыхигъэщащи, республикэм и къуршхэм Урысей МЧС-м и Iуащхьэмахуэ бгы-лъагэ ПСО-м и лэжьакIуэхэм илъэсым къриубыдэу къэлъыхъуэныгъэ-къегъэлакIуэ Iуэхуи 122-рэ щрагъэкIуэкIащ, цIыхуи 134-рэ кърагъэлащ, 22-рэ хэкIуэдащ. Апхуэдэ нэщхъеягъуэхэр кърокIуэ туристхэм я къарум къихьынур зэрызэпамылъытым, бгым зэрыдэкI лъагъуэ къэс езым и щхьэхуэныгъэхэр зэриIэм зэрыщымыгъуазэм, зыхуеинухэмкIэ тэмэму зэгъэпэщауэ гъуэгу зэрытемыхьэм, дунейм и щытыкIэм напIэзыпIэм зэрызихъуэжри зэрамыщIэм.

Надёжин Михаил СМИ-м я лIыкIуэхэм я упщIэхэм жэуап зэпкърыха яритащ, дызыхыхьа илъэсым къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм щыгъуазэ ищIащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Я гукъыдэжыр къаIэт

Урысейм Дзэ щIыхьым и махуэр щагъэлъапIэм ирихьэлIэу, Налшык къалэм Жьы хъуахэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ я унэ-интернатым еблэгъащ Налшык къалэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и IэнатIэхэм я ветеранхэм я Советым и унафэщI, милицэ къулыкъум пэрымытыж полковник КIэрэф Борисрэ абы и къуэдзэ, зауэхэм хэта, къулыкъум пэрымытыж полицэм и подполковник Тембот Артуррэ.

ХЬЭЩIЭХЭР унэм щыпсэухэм яхутепсэлъыхьащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэтахэм я лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, мы зэманым Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди щIалэхэм я къалэныр щIыхь пылъу зэрагъэзащIэм. Ахэр къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ яIэу илъэс куэдкIэ псэуну. КъыхэгъэщыпхъэщI, ветеран зэгухьэныгъэмрэ республикэм щыпсэухэмрэ къабгъэдэкIыу, унэ-интернатым тхылъищэрэ щыгъынхэмрэ зэрыхуашар.

Iуэхур зи жэрдэм икIи езыгъэкIуэкIа, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я ветеран, къэрал кIуэцI IэнатIэм пэрымытыж подполковник, «Урысейм и гугъэ» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и Советым и унафэщI Черновэ Алёнэ СССР-ми Урысейми я тхыдэм щыщу лIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIа и напэкIуэцIхэм къытеувыIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэм я гъуэгуанэм ириплъэжащ.

Зэхуэсым пшыхь гуапэ хуигъэхьэзырат КПРФ-м и «Первомайскэ» къудамэм хэт Атэбий Жаннет. Зэхыхьэм зыкъыщагъэлъэгъуащ уэрэд жыIэнымкIэ «Элви-шоу» школым и гъэсэнхэм. Хэкум теухуа уэрэдхэр ягъэзэщIащ пионер ныбжьыщIэхэу Атэбий Албэч, Гугъуэтыж Борис, Шорэ Миленэ, Кумыщ Данэ, Гъуэныбэ Саидэ, Щокъуий Саидэ, илъэситху фIэкIа зи мыныбжь Ольмезов Тимур сымэ.

Жьы хъуахэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ я унэ-интернатым и унафэщI Быф Беслъэн къызэгъэпэщакIуэхэмрэ зыкъэзыгъэлъэгъуа сабийхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ. Абы щIыхь тхылъ яритащ Налшык къалэ округым къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и IэнатIэхэм я ветеран зэгухьэныгъэм, «Элви-шоу» школым и унафэщI Ахъмэт Эльвирэ, Налшык къалэм и лицей №2-м и унафэщI Пешковэ Людмилэ сымэ.

КIэрэф Борис зэгухьэныгъэм и фIыщIэ тхылъхэр яхуигъэфэщащ пшыхьым зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм.

Лэжьыгъэм и ветеран, Илюшенкэ Нинэ совет уэрэдхэмкIэ яхуэупсащ къызэхуэсахэм. Пшыхьым къекIуэлIахэр куэдрэ зэхэмыкIыжу зэбгъэдэсащ, сурэтхэр зэтрагъэхащ, иджыри апхуэдэ зэхуэсхэр ирагъэкIуэкIыну гупыж зэраIэр жаIащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Щ**I**ыналъэхэм щыхъыбархэр

Накъыгъэм и 9-м ирихьэлIэу

Шэджэм къалэм и псы Iуфэм хуэзэ щIыпIэхэр зэлуэзэпэщ щIыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр иджыпстуи ирагъэкIуэкI. «Горзеленхоз»-м и IэщIагъэлIхэр тхьэмахуэ блэкIам абы кIуэри зрагъэлъэгъуащ цIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэр икIи яубзыхуащ абдеж щрагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэр.

ШЭДЖЭМ къалэм а лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI «ПсэупIэмрэ къалэ щыIэкIэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэмрэ «Къалэ мыинхэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ жылэхэмрэ» урысейпсо зэхьэзэхуэм къерикIуамрэ япкъ иткIэ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, Шэджэм къалэм щагъэхьэзыра пэхуэщIэр нэхъыфIхэм хабжауэ щытащ нэгъабэ.

ПэхуэщIэм увыпIэ нэхъыщхьэр щеубыд Хэкум и хъумакIуэхэм я фэеплъу абдеж щагъэувынум. Абы нэмыщI, Шэджэм къалэм дэсхэр щызэхуэс, иджырей зэманым къезэгъыу зэIузэпэщ ящI щIыпIэм «ТекIуэныгъэм и парк» фIэщыгъэр зэрихьэнущ икIи ар къызэIуахынущ мы гъэм накъыгъэм и 9-м ирихьэлIэу.

ЦIыхухэр зыIэпызышэ щIыпIэ

Бахъсэн щIыналъэм и администрацэм и унафэщI Балъкъыз Артур иджыблагъэ щыIащ Бахъсэнёнкэ къуажэм икIи зригъэлъэгъуащ пэщIэдзэ еджапIэ - сабий сад IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр зэрызэтеубла щIыкIэр. Псом хуэмыдэу зригъэщIащ абы я шхапIэм щыщыIэ санитар мардэхэр хабзэхэм зэрыхуэкIуэмрэ сабийхэм я ерыскъыхэм я фIагъыр зыхуэдэмрэ.

АБЫ иужькIэ Балъкъызыр щыIащ ЩэнхабзэмкIэ унэм. ЩIыпIэ администрацэм и унафэщIым и гъусэу ахэр тепсэлъыхьащ «Къэрал, щIыналъэ тхылъ хъумапIэхэр егъэфIэкIуэн» щIыналъэ программэм ипкъ иткIэ жылэм я библиотекэм ехьэлIауэ ирагъэкIуэкIыну къапэщылъ лэжьыгъэхэмрэ абы игъуэтыну зэхъуэкIыныгъэхэмрэ.

«Ди къалэн нэхъыщхьэу щытыр тхылъ хъумапIэ къудейуэ щымыту, атIэ цIыхухэр зыIэпызышэ щэнхабзэмкIэ центр ар щIынырщ, Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр, зэIущIэхэр щебгъэкIуэкI, мастер-классхэр щызэхэпшэ хъууэ», - жиIащ Балъкъыз Артур.

ГъуэгущIэ екIу

Аруан щIыналъэм хыхьэ Къэхъун къуажэм нэгъабэ къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжащ Нарткъалэ - Къэхъун - Правоурванскэ жылэхэм яку дэлъ, псори зэхэту километри 2,2-рэ зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгур. Шыбзыхъуэм и цIэр зезыхьэ а уэрамым ухуешэ сымаджэщхэм, мафIэсгъэункIыфIхэм я IуэхущIапIэм, къуажэ администрацэм и хэщIапIэм.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭМ хыхьэу гъуэгур нэхъ бгъуэ ящIащ, асфальтрэ бетонрэ зэхэлъу тIуащIэу абы тралъхьащ, гъуэгубгъухэр кърагъэбыдэкIащ, IуэхущIапIэхэм, унагъуэхэм я бжэIупэхэр зыхуей хуагъэзащ.

Апхуэдэуи зэхыхьэпIэ-зэхэкIыпIэхэр къыхагъэщхьэхукIащ, дамыгъэхэр щагъэуващ, гъуэгум щызекIуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщу, машинэхэм псынщIэу къыщамыжыхьын хуэдэу, хуабжьагъым кIэрезыгъэч лъагапIэхэр тращIыхьащ.

Лэжьыгъэм трагъэкIуэда мылъкур щIыналъэ гъуэгу фондым къыхэкIащ.

ЕджапIэщIэр и кIэм нагъэс

Тэрч щIыналъэм и администрацэм и унафэщI Хъущт Аслъэнбий иджыблагъэ щыIащ Тэрч къалэм и Къэбэрдей уэрамым щаухуэ школыщIэм. Иджыпсту абы пэрытщ лэжьакIуэ гуп зыбжанэрэ техникэ хьэлъэхэмрэ.

ЕДЖАПIЭЩIЭР ухуэным ехьэлIа лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр зэфIагъэкIакIэщ: унащхьэр тралъхьащ, бжэ-щхьэгъубжэхэр хагъэуващ, IуплъапIэр чырбыш быдэхэмкIэ кърашIэкI. Унэ лъабжьэм керамогранит иджыпсту кIэралъхьэ.

Ухуэныгъэхэм ток кIапсэхэр, бжьа-мийхэр, н.къ. ирашалIэ, жьы зэпрыху-пIэхэр хуащI. ЕджапIэр къызэрагъэхуабэ хьэкур ягъэуващ, ар езыр щхьэхуэу мэлажьэ икIи абы и фIыгъэкIэ школым и пэш кIуэцIхэм лэжьыгъэхэр иджыпсту щрагъэкIуэкI, щIыIэр зэран къахуэмыхъуу. Пэш блынджабэхэр кърашIыкIащ, лъэгухэри захуэ ящIащ.

Школым ихъуреягъкIэ гъущI къэухьхэр, метри 2,5-рэ я лъагагъыу, кърагъэувэкIащ, ауэ ухуэныгъэ материалхэр къезышалIэхэм щхьэкIэ дыхьэпIэ тIэкIу мыгъэбыдауэ къагъэнащ. Апхуэдэуи еджапIэм и хъуреягъкIэ къекIуэкIыу пкъохэр щыхасащ, иужькIэ уэздыгъэхэр зэрыпадзэным хуэдэу.

Абы нэмыщI, школым къедза щIыпIэхэри зыхуей хуагъазэ. НыкъуэдыкъуагъэзиIэхэр гугъуехьыншэу щызекIуэн папщIэ абыхэм хуэщIа щIыхьэпIэ-екIуэлIапIэхэр хуагъэхьэзыр.

«Мыгувэу школым къекIуалIэ уэрамхэри зэдгъэпэщыжынущ. Абы хиубыдэнущ Къэбэрдей, Гоголымрэ Кировымрэ я цIэхэр зезыхьэхэр. А лэжьыгъэхэм текIуэдэну мылъкур республикэм и бюджетым къыхэкIынущ», - жиIащ Тэрч щIыналъэ администрацэм и унафэщIым.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

● Дызэкъуэту

Гулъытэншэу къагъанэркъым

«Хэкум и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондым и унафэщI Дадэ МуIэед зригъэлъэгъуащ фондым и къудамэу Шэджэм районым щыIэр и лэжьыгъэм зэрехъулIэ щIыкIэр, щитхащ и телеграм-каналым щIыпIэ администрацэм и тхьэмадэ Борсэ Юрэ.

2024 ГЪЭМ щегъэжьауэ фондым и къудамэр хэплъащ абы зэрызыкъыхуагъэза лъэIу зэмылIэужьыгъуэу 600-м щIигъум. Ахэр нэхъыбэу ехьэлIат социальнэ, психологие, медицинэ, юрист дэIэпыкъуныгъэхэр дзэ Iуэху хэхам хэтахэмрэ я унагъуэхэмрэ ягъэгъуэтыным, СВО-м зэрыщыIам щыхьэт техъуэ тхылъыр (удостоверенэр) къыдахыным, къыхуащIэ псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмщIатын хуей пщIэм зэрыхудачых Iэмалхэр яхухэлъхьэным, зауэ зэпэщIэувэныгъэм щагъуэта фэбжьхэр санаторэхэмрэ курортхэмрэ щагъэхъужын папщIэ, абыхэм я путевкэхэмкIэ къызэгъэпэщыным, нэгъуэщI Iуэху куэдми.

Дэтхэнэ зы цIыхум и лъэIуми щIыпIэ администрацэм щыхоплъэ, хэкIыпIэхэр къыхуалъыхъуэ икIи, япэ ахэр ирагъэщу, нэхъ псынщIэу зэфIэха зэрыхъуным яужь ит зэпытщ.

«Дэ адэкIи тлъэкI къэдгъэнэнукъым къэралыр щытыкIэ гугъум щихуа дакъикъэм абы и шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщу къуэувахэм сыт и лъэныкъуэкIи дадэIэпыкъун папщIэ», - жиIащ Борсэ Юрэ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Зыужьыныгъэм хуэунэтIауэ

● Зэхуэсхэр

«Хэку цIыкIур Урысейм и къарущ» фIэщыгъэр зэрихьэу Къэзан къалэм щекIуэкIащ муниципалитетхэм я урысейпсо зэхуэс. Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу абы и лэжьыгъэм хэтащ Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Нартан къуажэм и администрацэм и унафэщI Урыс Елдар.

ЩIЫПIЭХЭМ унафэр щызехьэнымкIэ IуэхущIапIэхэм я зэхуэсыр илъэс къэс ирагъэкIуэкI икIи ар хуэунэтIауэ щытщ IэнатIэм зегъэужьынымрэ абы и Iуэхухэр дэгъэкIа хъунымрэ. Мы гъэм абы къэкIуащ къэралым и щIыналъэ 89-м я лIыкIуэхэу мини 9-м щIигъу.

КъызэхуэсахэрзэIущIэм и программэм хыхьэу тепсэлъыхьащ щхьэж и Iуэху къызэгъэпэщыкIэм, къуажэхэм зегъэужьыным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным ехьэлIауэ абы фIыуэ хэлъым, нэгъуэщIхэми. Зэхуэсым къыщаIэта Iуэхугъуэхэм ящыщу нэхъыфIу къалъытахэр языныкъуэ щIыналъэхэм я лIыкIуэхэм щапхъэу къащтащ, кIуэжа нэужь я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпыну.

ШЭДЖЭМЫКЪУЭ Щауей.

Дунейм щыхъыбархэр

Урысейр ираджакъым

УФ-м и Президент Путин Владимир Освенцим концлагерыр бийм къызэрыIэщIагъэкIыжрэ илъэс 80 зэрырикъум теухуауэ къызэрагъэпэща дауэдапщэм Урысейр зэрырамыгъэблэгъар игъуэджэу къилъытащ. Абы теухуа и еплъыкIэр къэрал УнафэщIым хуиIуэтащ «Москва. Кремль. Путин» программэр езыгъэкIуэкI журналист Зарубин Павел.

«НОБЭ Урысейм и политикэм, урысей къэралыгъуэм и Iэтащхьэм сыт хуэдэ бгъэдыхьэкIи хуиIэнкIэ мэхъу. Дэ дыщIэлъэIуркъым зыщIыпIэ драгъэблэгъэну. Ауэ Iуэхум уегупсысмэ, хэкIыпIэ тэмэм къыхуэбгъуэтыфынут. Освенцимым исахэр къезыгъэутIыпщыжахэр, ахэр фашистхэм къезыгъэлахэр я узыншагъэм, я ныбжьым тещIыхьауэ иумыгъэблэгъэфми, абыхэм я благъэIыхьлыхэм зыкъыхуагъэззэн хуеящ», - жиIащ Путин Владимир.

Освенцим концлагерым исахэр хуит зэращIыжам теухуа зэхыхьэр щIышылэм и кIэм ирагъэкIуэкIащ. Абы хэтащ Великобританием и пащтыхь Карл III, Франджым и президент Макрон Эммануэль, Германием и канцлер Шольц Олаф, Канадэм и премьер-министр Трюдо Джастинэ.

Хуабэм къишэ зэраныр

Урысейм къыщагъэкIыну гъавэщIэм мацIэр къытезэрыгуэнкIэ шынагъуэ щыIэщ. Апхуэдэ хъыбарыр къет «Известия» къыдэкIыгъуэм, Мэкъумэш хозяйствэмкIэ урысей центрым игъэхьэзыра докладым къыщыгъэлъэгъуар и лъабжьэу.

«ЩIЫМАХУЭР хуабэу зэрыщытам къыхэкIыу Урысейм и мыгъэрей гъавэм мацIэр егъэлеяуэ хуэлъэнущ. Абы пэщIэтын гуп щхьэхуэхэр къызэрагъэпэщынущ. АбыкIэ шынагъуэ нэхъ здэщыIэнкIэ хъну щIыпIэу щIыналъэ 21-рэ къагъэлъэгъуащ», - щыжеIэ тхыгъэм.

Абы къызэрыхэщымкIэ, нэгъабэ апхуэдэ щытыкIэ гугъум итащ къэралым и хэгъэгу 14. Шынагъуэ нэхъ здэщыIэр Къэзахъстаным и гъунапкъэм пэгъунэгъу щIыналъэхэрщ.

IэщIагъэлIхэм «Science Advances» щIэныгъэ журналым щатхащ, дуней щытыкIэм кIуэ пэтми зэрызихъуэжым, хуабэ зэрыхъум къыхэкIыу мацIэхэм я бжыгъэм кIуэтэху зэрыхэхъуэм щIы хъурейм щыпсэухэм я ерыскъы шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр гугъу къызэрищIынур.

Мазаем и 4, гъубж

♦ Лышх узыфэм пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ

♦ **1932 гъэм** къалъхуащ журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Белгъэрокъуэ Евгение**.

♦ **1939 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мэлбахъуэ Елбэрд**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм къешх-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 5, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

Мазаем и 5, бэрэжьей

♦ **1960 гъэм** Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и Урысей университетыр къызэрагъэпэщащ.

♦ **1927 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым илъэс куэдкIэ щылэжьа, УФ-м и цIыхубэ артист **Токъуий Хъусен**.

♦ **1928 гъэм** къалъхуащ журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тэрчыкъуэ Исуф**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градус 1 - 0, жэщым градуси 2 - 1 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

КIапэр къанэри, напэр ящащ.

Къэралыр щIыхуэкIэ къадоIэпыкъу

2024 гъэм къэралым и хьэрычэтыщIэхэм МСП.РФ-м бжыгъэр зи лъабжьэ и Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ ахъшэ щIыхуэу псори зэхэту сом мелард 18,1-рэ къащтащ. Апхуэдэм деж нэхъыбэ дыдэу ят хабзэр щхьэж къылъысу сом зы мелуаным щIимыгъущ, ауэ а бжыгъэм щыщIрагъэгъуи щыIэщ.

ХЬЭРЫЧЭТЫЩIЭХЭМ нэгъабэ щIыхуэу къащта ахъшэм и процент 65-р трагъэкIуэдащ я лэжьыгъэм зегъэубгъуным пыщIа Iуэхухэм, процент 30-р инвестицэ унэтIыныгъэхэм хуаутIыпщащ, проценти 5-р - нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэм щхьэкIэ къагъэсэбэпащ. МСП.РФ-м и деж щIыхуэ къыщызыщтахэм я нэхъыбэр сату, цIыхухэм IуэхутхьэбзэхэряхуэщIэн IэнатIэхэм щылажьэхэрщ. Псори зэхэту щIыхуэу къащтам (зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу) я процент 26-р, 24-р а тIум яубыд, хьэпшыпхэр, ерыскъыхэкIхэр къыщIэзыгъэкIхэм процент 18 яхуозэ.

«2024 гъэм кърикIуахэм дыхэплъэжмэ, ахъшэ щIыхуэу ику иту къащтар сом мелуани 2,4-рэ мэхъу, пIалъэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, ику иту илъэси 2,6-кIэ ягъэлэжьэну ират, процент ставкэр ику иту зэрыхъур 7,5-рэщ. Банкхэм щат кредитхэм ебгъапщэмэ, ар хуэди 3 - 4-кIэ нэхъ мащIэщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 84-м я хьэрычэтыщIэ мини 6,9-м ди дэIэпыкъуныгъэхэр ялъэIэсащ», - жиIащ МСП Корпорацэм и унафэщI Исаевич Александр.

МСП.РФ-м и Iэмалхэр къагъэсэбэпу ахъшэ щIыхуэ нэхъыбэу къэзыщтахэм яхэтщ Краснодар крайр, Удмуртиер, Къырымыр, Иркутск областыр, Тэтэрстаныр. Къэралым и IуэхущIапIэхэу хьэрычэтыщIхэм ахъшэ щIыхуэ езытхэм я процент ставкэхэр нэхъ мащIэ хуащI, МСП.РФ-м бжыгъэр зи лъабжьэ и Iэмалхэр къагъэсэбэпу абыхэм зыкъыхуагъэзэу щытмэ. Абыхэм яхэтщ Алтай, Приморскэ, Хабаровск крайхэм, Воронеж, Калининград, Киров, Мэзкуу, Саратов, Тюмень областхэм, Удмуртиемрэ Чувашиемрэ я апхуэдэ IуэхущIапIэхэр.

2004 гъэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэтыщIэхэм, КъБР-м хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ куэд мыхъу щIыхуэ етынымкIэ и фондыр къагъэсэбэпу, хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ пэрыт IэнатIэу 57-м МСП.РФ-м щIыхуэу сом мелуан 11,8-рэ нэгъабэ къыIахащ.

ХьэрычэтыщIэхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр ират «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Нобэ Лыших узыфэм пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ

И чэзум къэпхутар гъэхъужыгъуафIэщ

Лышхыр гъэхъужыгъуей узыфэ шынагъуэщ. Медицинэ щIэныгъэлIхэм илъэс бжыгъэкIэрэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм я фIыгъэкIэ абы и Iэзэгъуэ зэхуэмыдэхэр къагъэнэхуащ, а лэжьыгъэм адэкIи къыпащэ. ЦIыхухэм узыфэм теухуауэ нэхъыбэ кърагъэщIэн папщIэ, Лыших узыфэм пэщIэтынымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ а Iуэхум махуэ щхьэхуэ хухахащ. 2006 гъэм щегъэжьауэ мазаем и 4-р Лыших узыфэм пэщIэтыным и дунейпсо махуэу къокIуэкI. Абы ирихьэлIэу зыхуэдгъэзащ Налшык къалэм дэт, Лыших узыфэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ диспансерым и поликлиникэ къудамэм и унафэщI Ахматовэ Адинэ.

Адинэ КъБКъУ-м и медицинэ къудамэр къиуха нэужь, Сеченовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт Япэ къэрал медицинэ университетым и ординатурэм щIэтIысхьащ, адэкIэ и Iэзагъэм щыхигъэхъуащ Владимирскэм и цIэр зезыхьэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым дерматовенерологиемрэ дерматоонкологиемкIэ, дерматоскопиемкIэ и къудамэм. Интернатурэр щрихьэкIащ Герценым и цIэр зезыхьэ, онкологиемкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым. Апхуэдэу абы къиухащ Сеченовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт Япэ къэрал медицинэ университетым и аспирантурэри. Ар щылэжьащ Москва узыншагъэр хъумэнымкIэ и департаментым Дерматовенерологиемрэ косметологиемкIэ и щIэныгъэ-практикэ центрым. Москва, Сочэ, Кавказ Ищхъэрэм и къалэхэм щекIуэкI щIэныгъэ конференцхэм, конгрессхэм жыджэру хэтщ. 2013 гъэм Ахматовэ Адинэ республикэм къигъэзэжащ икIи Лыших узыфэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ диспансерым онкодерматологыу, хирургыу лэжьэн щыщIидзащ. 2021 гъэ лъандэрэ абы и поликлиникэ къудамэм и унафэщIщ.

- Адинэ, лыших узыфэр къызыхэкIыр сыт?

- Лыших узыфэр цIыхухэм илъэс куэд щIауэ къадэгъуэгурыкIуэми, абы къежьапIэ хуэхъу дыдэр нэсу зэхэгъэкIа хъуакъым. Ар цIыхум къыдалъхункIэ хъунущ, и Iыхьлыхэм ящыщ гуэрым япкърытамэ, езыми къеузынкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. Узыфэр къэзыхэкIынкIэ хъуну щхьэусыгъуэхэм ящыщщ тутыныр, фадэр, наркотикыр, шхын мыузыншэр, физическэ жыджэрагъ зэримыIэр. Апхуэдэу егъэлеяуэ зыгъэгуэуэщхьэн Iуэху хэхуа е зи нэгу щIэкIа цIыхуми а узыр къылъыкъуэкIынкIэ шынагъуэ щыIэщ. Мыхэр щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу щыткъым, ауэ узым «лъабжьэ» хуэхъуфынущ.

- Лыших узыфэхэм ящыщу нэхъыбэрэ узрихьэлIэр сыт хуэдэ?

- Дуней псом нэхъ зыщызыубгъуауэ къалъытэр бгъэ лыших узыфэрщ, абы къыкIэлъыкIуэу ар нэхъ зыхуэлъэр тхьэмбылырщ. Абыхэм яужь итщ лъатэр, кIэтIийр, щIыфэр.

- А узыр зэрыппкърытыр къозыгъащIэ сыт хуэдэ нэщэнэхэр щыIэ?

- И чэзум къэпхута сыт хуэдэ узыфэри нэхъ гъэхъужыгъуафIэщ. Лышхым зэрызиужьым елъытауэ лIэужьыгъуэурэ зэщхьэщагъэкI. Япэ, етIуанэ лIэужьыгъуэм деж цIыхум лышхыр зэрыпкърытыр къимыщIэнкIэ хъунущ, ар узым къыхигъэзыхьынукъыми. И Iэпкълъэпкъыр щIэлIэу, езэшауэ щытынкIэ хъунущ, ауэ апхуэдэ къызыхуимыхуэ цIыху узынши щыIэкъым. Абы къыхэкIыу узыгъэгузэвэн гуэру ар къыпщыхъуркъым. ЩIыфэ лышхыр къэсщтэнщи, гу зылъытапхъэу абы игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэри нэгъуэщI узыфэхэм къахэкIынкIэ хъунущи, ари занщIэу къыпхуэщIэнукъым. Апхуэдэу екIуэкIыурэ Iэпкълъэпкъыр зэщIещтэ, узми зыкъригъащIэу щIедзэ. Гу зылъытапхъэхэм ящыщщ цIыхур фагъуэ, хэпщIыкIыу къаруушэ зэрыхъур, щIэх-щIэхыурэ зэрешыр, лышхыр зэуэлIа Iэпкълъэпкъым и пкъыгъуэм елъытауэ а щIыпIэр къеузынущ, нэгъуэщI нэщэнэхэмкIи зыкъыуигъэщIэнущ. Псалъэм папщIэ, кIэтIиймрэ лъатэмрэ къэтщтэнщи, лъы къыбдэхыу, щIыб уимыкIыфу, укъэпщу хъуамэ, ар ущIэгузэвэн щхьэусыгъуэщ - узыр хэтIэсауэ аращ, ещанэ е еплIанэ лIэужьыгъуэм нэсащ. Мис абы Iуэхур нэмыгъэсын папщIэ и чэзум уи узыншагъэр къебгъэпщытэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ цIыхухэм я узыншагъэм гулъытэ нэхъ хуедгъэщIын мурадкIэ дэ илъэс зыбжанэ хъуауэ къызыдогъэпэщ «бжэ зэIухам и махуэ». IуэхущIапIэм къекIуалIэхэм я узыншагъэр къапщытэ лыших узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм еIэзэ IэщIагъэлIхэм. ИужькIэ адэкIэ ящIэнум, зэрызыкIэлъыплъыжынум теухуа чэнджэщхэр ират, я щытыкIэм елъытауэ диагностикэ къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкI.

Къапщтэмэ, «бжэ зэIухам и махуэр» илъэсым зыбжанэрэ идогъэкIуэкI, узыфэ щхьэхуэхэм яхухэхауэ. Апхуэдэу ахэр теухуауэ щытщ щIыфэм и щытыкIэр, бгъэ лыших узыфэр, щхьэм е пщэм шыкъыр хэтыр, нэгъуэщI узыфэхэри къэхутэным. А Iуэхур поликлиникэм и мызакъуэуи, республикэм и районхэми къыщызыдогъэпэщ, цIыху нэхъыбэ къызэрызэщIедгъэубыдэным дыхущIэкъуу. Апхуэдэм деж цIыхухэм хъыбар ирагъащIэ Лыших узыфэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ диспансерым и IэщIагъэлIхэр щIыпIэхэм щыIэ поликлиникэхэм щызрагъэплъыну Iэмал зэраIэнумкIэ. КъищынэмыщIауэ, узыр и чэзум къэхутэнымкIэ икъукIэ щхьэпэщ илъэс зыбжанэ хъуауэ ирагъэкIуэкI диспансеризацэр. Абы хыхьэу Iэпкълъэпкъым и пкъыгъуэ псоми я щытыкIэр УЗИ IэмэпсымэмкIэ къапщытэ, тхьэмбылыр рентген ящI, анализ зэхуэмыдэхэр пIах. Илъэс 40 нэужьым Iэмал имыIэу гастроскопие, колоноскопие къэпщытэныгъэхэр егъэщIыпхъэщ. Лыших узыфэр зиIэхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми хохъуэ, абы къыдэкIуэуи а узыр нэхъ псынщIэу къахутэф хъуащ, и щхьэусыгъуэри диагностикэ Iэмал нэхъыбэ щыIэ зэрыхъуарщ.

- Адинэ, лыших узыфэм и фIэщыгъэ къудейм цIыхур егъащтэ, нэхъыбэми ар яхуэмыгъэхъуж узыфэущ къызэралъытэр.

- Пхуэгъэхъужынущ, узыфэр зыхуэдэмрэ абы и щытыкIэр здынэсамрэ елъытауэ. Апхуэдэуи, адэкIэ зимыужьу, пIалъэ кIыхькIэ пхуэгъэужьыхынущ.

ЩыIэщ лыших узыфэм и лIэужьыгъуэ «бзаджэхэр»: пхуэмыгъэхъужыххэхэр, пIалъэ гуэркIэ къыпхузэтегъэувыIэми, адэкIи зэуэ зыкъызэкъуихыу зызыужьхэр. Узым и пэщIэдзэм ирихьэлIэу къэпхутэмэ, ар пхуэгъэхъужынымкIэ Iэмал нэхъыбэ щыIэщ. Узым и ещанэ, еплIанэ лIэужьыгъуэхэм нэсамэ, Iэзэгъуэ Iэмалхэр нэхъ мащIэ хъуурэ макIуэ, Iэпкълъэпкъым и пкъыгъуэ нэхъыби зэщIещтэ.

- ЗэрыгурыIуэгъуэщи, адрей узыфэхэм хуэмыдэжу, лышхыр цIыхухэр нэхъ зыщышынэ узыфэ шынагъуэщ. Ар къызэрылъыкъуэкIар абы жепIэныр, дауи, Iуэху тыншкъым, зэрызыхищIэнур къыпхуэщIэнукъыми. Абы теухуа хабзэ щхьэхуэ щыIэ?

- ЩыIэкъым. Дэ ди къалэнщ сымаджэм и узыр зыхуэдэр жетIэну, ауэ и благъэхэм я лъэIукIэ щыдбзыщI щыIэщ. Пэжщ, цIыху псоми я зыхэщIэкIыр зэхуэдэкъым, абы къыхэкIыу бгъэдыхьэкIэ къахуэбгъуэтыфын хуейщ. А Iуэхум хэкIыпIэу сэ къыхуэзгъуэтар поликлиникэм онкопсихолог иIэнырщ. Куэдрэ къэтлъыхъуами, нобэ поликлиникэм иIэщ Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI апхуэдэ IэщIагъэлI. Сымаджэр зэрыт щытыкIэ хьэлъэм къиишынымкIэ абы лэжьыгъэшхуэ зэфIегъэкI.

- Адинэ, поликлиникэм и лэжьыгъэр дауэ екIуэкIрэ?

- Нэхъыщхьэраци, ирикъуу IэщIагъэлIхэмкIэ дыкъызэгъэпэщащ, лэжьыгъэр хъарзынэу зэтеублащ. ЩIыпIэ поликлиникэхэм къокIри, лыших узыфэр зэрапкърытыр къахутауэ е абыкIэ гурыщхъуэ яIэу ди деж къокIуэ. Ди IуэхущIапIэм абы я щытыкIэр нэсу къыщыдопщытэж. Лышхым и лIэужьыгъуэм, зэрызиубгъуам, и анализхэм къагъэлъэгъуам тещIыхьауэ дохутырхэм я зэхыхьэм абы дызэреIэзэну щIыкIэр щыдоубзыху: е операцэ, е бзий терапие, е химиотерапие. Лышхыр зыпкърытыр учётым догъэуври, псэухукIэ абы и узыншагъэм поликлиникэм щыкIэлърегъэплъ.

ЦIыхухэм я деж нэсхьэсыну сыхуейт иджыри зы Iуэху щхьэпэ. КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и жэрдэмкIэ Налшык и поликлиникэхэм ящыщ зым гъэунэхуныгъэ пэхуэщIэ щрагъэкIуэкI, кIэтIий узыфэр къэхутэным хуэунэтIауэ. А Iуэхур ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм къарит IэмалымкIэ пщIэншэу ягъэзащIэ. Мы зэманым кърибыдэу къэпщытэныгъэ 500-м нэблагъэ ирагъэкIуэкIащ, абыхэм къарикIуам ипкъ иткIэ процентитI 10-м колоноскопие ирагъэщIащ, апхуэдэ щыкIэкIи къахутащ лыших кIэтIий узыфэр зэраIэр. Проектым адэкIи зэрагъэужьыну я мурадщ, поликлиникэ псоми апхуэдэ къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIыу Iуэхур зэтраублэнущ.

Епсэлъар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

● Зауэм и бынхэр

Яхуэтщ1эфыр мащIэми...

«Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм ди республикэм щиIэ и къудамэхэм я унафэщIхэр щызэхуашэса зэIущIэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутат, УФ-м и Компартым ди щIыналъэм щиIэ и къудамэм и япэ секретарь Пащты Борисрэ абы и къуэдзэхэмрэ.

ЗЭХЫХЬЭР иригъэкIуэкIащ «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Къэнэмэт Замир.

- Гъэ къэси зэрыдихабзэу, ди нэхъыжьыфIхэм папщIэ едгъэкIуэкI зэхыхьэхэм адэкIи пытщэнущ. ПщIэ зыхуэтщI ди адэ-анэхэм ятелъа хьэзабыр зэи тщыгъупщэ мыхъун Iуэхущ. Апхуэдэуи псори фыкъыхузоджэ ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр илъэс 80 зэрырикъур Iэтауэ зэрыдгъэлъэпIэным яужь дихьэну. ФIыщIэ ин зыхуэфащэ ди нэхъыжьыфIхэр кIуэтэху нэхъ мащIэ зэрыхъум Iейуэ дегъэгумэщI. «НэхъыжьыфI здэщыIэм нэхъыщIэфIи щыIэщ» жыхуиIэращи, дыхуейт ахэр нэхъыбэрэ къытщхьэщытыну. Зи сабиигъуэр лъэхъэнэ хьэлъэм хиубыдахэм ягъэва хьэзабымрэ яшэча бэлыхьымрэ къытщIэхъуэ щIэблэр щыдгъэгъуэзапхъэщ, ялъагъумрэ зэхахымрэ дерс къыхахын папщIэ. Ди нэхъыжьыфIу фIыр зи Iэужьхэр зэрытщымыгъупщэр, я нэгу щIэкIа гугъуехьыр зэрытпкърытыр захедгъащIэу, Iуэхугъуэ дахэхэр къызэдгъэпэщыпхъэщ. Тыгъэ яхуэтщIыр мыин дыдэми, ахэр абы зырыщыгуфIыкIыр сыт и уасэ? Дэ иджыпсту нэхъыжьхэм папщIэ ди къалэн нэхъыщхьэр «Зауэм и бынхэр» зытет медалхэр яхуэдгъэхьэзыру, зы мащIэкIэ нэхъ мыхъуми я гум дегуэпэкIынырщ. ФIыщIэ ин фхузощI «Iуэхур вдэдгъэпсынщIэнщ, фи гъусэу ди нэхъыжьыфIхэр фдэдгъэлъэпIэнщ!» жызыIэу сэбэп къытхуэхъухэми, - жиIащ Къэнэмэтым.

АдэкIэ псалъэ иратащ Пащты Борис.

- ГъащIэр псы ежэхым хуэдэщ, гъэхэр йокIуэкI зым адрейр къыкIэлъыкIуэу, уIэбами къыпхуэмыубыду зэманыр блокI. Апхуэдэуи ди гъащIэр макIуэ. Дыгъуасэ хуэдэщ ди зауэлIхэм Хэку зэуэшхуэм ТекIуэныгъэр къыщахьауэ, жылагъуэр гуфIэгъуэм зэщIиIэтауэ щыщытар. Иджы а Iуэхушхуэр къызэрыхъурэ мы гъэ дызэрыхьам илъэс 80 ирокъу. Ди Хэкум и хуитыныгъэм папщIэ зи псэр зыта цIыхухэм фIыщIэ мыухыжыр яхуэфащэщ. Нобэ мыбдежым щыдгъэлъапIэ ди нэхъыжьыфIхэр щысабиям, я адэхэр, я къуэш нэхъыжьхэр зауэм кIуэуэ, ахэр зыпэрыт IэнатIэм щыпэрыувам, гугъуехьрэ хьэзабу яшэчам щIэи гъуни иIэкъым. Ди нэхъыжьыфIхэу фIыщIэ иныр зыхуэфащэхэм, я лъэм крихьэкIыу я къарур пэлъэщыху, мамырыгъэ гъащIэм тележьащ. Иджы чэзур ди деж къэсащи, абыхэм я гуащIэдэкIым хэдгъэхъуэныр, къытхуагъэна щIэиныр дгъэбагъуэу адэкIэ дгъэкIуэтэныр ди къалэнщ. А псори щIэблэм зыхедгъэщIэн хуейщ, я блэкIар ящIэжу, гъэсэныгъэ ябгъэдэлъу, нэхъыжьхэм я Iэужьым пщIэ хуащIу, я Хэкур фIыуэ ялъагъуу къэтэджыным папщIэ. Дэ псоми мы зэманым ди къалэн нэхъыщхьэр абыхэм я гур хэзыгъэхъуэн захедгъэхынырщ, яхуэтщIэнырщ, зэрытщымыгъупщэр зыхащIэн хуэдэу,- жиIащ Пащтым.

Зэхыхьэм и кIэухым Къэнэмэтым къыхилъхьащ Нэхъыжьхэм папщIэ «Диалог эпох» зыфIащыну зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIыну. Абы и жэрдэмыр даIыгъащ правленэм хэтхэм.

Зи сабиигъуэр лъэхъэнэ хьэлъэм хиубыдахэм папщIэ ягъэхьэзырыну зэхуэсхэм дыпэплъэнщ, ди гуапэуи фэри фыщыдгъэгъуэзэнщ.

Тхыгъэри сурэтри **КЪАНКЪУЛ Зазий** *ейщ*.

ЛэжьапIэншэхэм кIэроху

Республикэм цIыхухэм лэжьыгъэ IэнатIэ къахуэгъуэтынымкIэ и центрхэм илъэс блэкIам псори зэхэту зыхуэзыгъэзахэм ящыщу процент 32-м IэнатIэ къыхуагъуэтащ. ЖыпIэмэнурамэ, лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ мэхъу.

НЭГЪАБЭ лэжьыгъэ къэзылъыхъуэу центрхэм екIуэлIа цIыху мини 6,5-м щыщу мини 2,1-р IэнатIэ зэхуэмыдэхэм пэрагъэуващ. 2024 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу республикэм лэжьэфыну исхэм, я ныбжькIэ илъэс 15-м къыщыщIэдзауэ илъэс 72-м нэсыху, лэжьапIэншэу республикэм щатхар хуэбгъакIуэмэ, илъэсым и кIэм IэнатIэншэхэр зэрыхъур цIыху 0,3-рэщ. Ар цIыху 1,2-кIэ нэхъ мащIэщ 2023 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ.

ЛэжьакIуэхэр къэзылъыхъуэ IуэхущIапIэхэр мы зэманым нэхъыбэу щIоупщIэ машинэзехуэхэм, дэрбзэрхэм, ухуакIуэхэм, хадэгъэкIхэм, тыкуэнтетхэм, кассирхэм, уэрамхэр зэщIэзыкъуэ транспортхэр зезыгъакIуэхэм, гъущIхэр зыгъавэхэм, нэгъуэщIхэми.

Апхуэдэуи егъэджэныгъэм, медицинэм, щэнхабзэм пыщIахэр, юристхэр, экономистхэр къэзылъыхъуэхэри мащIэкъым.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Хьэрычэт мащIэм и IэмалыфIхэр

УФ-м Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымкIэ (МСП) и корпорацэм и нэIэ щIэту лажьэ «Лизинг МСП» IуэхущIапIэм худэчых зыхэт IэмалкIэ - лизингкIэ - хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ сом меларди 4,6-рэ нэгъабэ яриташ. 2023 гъэм нэхърэ ар процент 92-кIэ нэхъыбэщ.

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, блэкIа илъэсым МСП-м и IэнатIэхэм ирата лизинг дэIэпыкъуныгъэм и куэдагъым зэрыхагъэхъуам къыдэкIуэу сэбэп зыхуэхъуа IуэхущIапIэхэми я бжыгъэр процент 80-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи ахэр 391-м нэсащ.

Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымкIэ корпорацэм къызэритамкIэ, 2024 гъэм лизинг дэIэпыкъуныгъэ зратам и нэхъыбэр (процент 51-р) машинэхэр къыщIэзыгъэкI, гъущIым елэжь IэнатIэхэм пэрытхэрщ. Апхуэдэу щыхъукIи, химие, ерыскъыхэкIхэм елэжь промышленностхэм япыщIахэм дэтхэнэми къылъысу иратыр абы и процент 12-щ, промышленность псынщIэм - проценти 7, тхылъымпIэм елэжьхэм - проценти 5.

«Хьэрычэт IэнатIэ мащIэм зегъэужьыным ехьэлIауэ худэчых зыхэт лизингым нэхърэ щIэупщIэ нэхъыбэ зиIэ икIи нэхъ Iэмал щыIэкъым. Абы и фIыгъэкIэ хьэрычэтыщIэхэм я IуэхущIапIэхэм я зэфIэкIми, къыщIагъэкI продукцэм и лIэужьыгъуэми, куэдагъми хагъэхъуэ, апхуэдэуи, хамэ къэралхэм кърашхьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэмрэ дыдейхэмкIэ зэрахъуэкI.

Къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 2024 гъэм худэчых зыхэт лизинг дэIэпыкъуныгъэр зратахэм я бжыгъэм хэхъуащ икIи ахэр 65-м нэсащ, 2023 гъэм зэрыхъуар 52-рэщ. Мы гъэми а лэжьыгъэм пытщэнущ икIи зыкъытхуэзыгъазэхэм я лъэIухэр мазаем щегъэжьауэ къеIытхыу щIэддзэнущ», - жиIащ МСП Корпорацэм и унафэщI Исаевич Александр.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, зэрыхудачых лизинг дэIэпыкъуныгъэм хьэрычэт IэнатIэ мыиным пэрытхэм Iэмал ярет я IуэхущIапIэхэм къыщагъэсэбэп оборудованэхэмрэ техникэхэмрэ ирагъэфIэкIуэну, абыхэм я ставкэхэр зэрыцIыкIухэм я фIыгъэкIэ щIэхэр къащэхуну, къыщIагъэкI продукцэхэм я куэдагъым хагъэхъуэну.

УФ-ми хамэ къэралхэми къыщыщIагъэкIа техникэхэмрэ оборудованэхэмрэ къэпщэхун щхьэкIэ 2024 гъэм худэчых зыхэт лизинг дэIэпыкъуныгъэкIэ ягъэуваэ щыта ставкэхэр, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, зэрыхъуар проценти 6-щ, проценти 8-щ.

МСП Корпорацэм худэчых зиIэ лизинг дэIэпыкъуныгъэр хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ ярет «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● ПсэупIэ

Фэтэр мини 6,5-рэ

2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым псори зэхэту псэупIэу щаухуащ метр зэбгъузэнатIэ мин 610,8-рэ икIи абы ипэ ита илъэсым яхуэзэфIэкIам нэхърэ ар проценти 9,2-кIэ нэхъыбэщ, къиташ Кавказ Ищхъэрэм статистикэмкIэ и управленэм.

РЕСПУБЛИКЭМ ухуэныгъэхэр езыгъэкIуэкI и IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту нэгъабэ яухуащ фэтэру мин мини 6,5-рэ. А бжыгъэхэр хуокIуэ ди щIыналъэм и унафэщIхэм зыхуагъэувыжа къалэнхэм. Псалъэм къыдэкIуэу, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щIыпIэ Парламентым Зэрызыхуигъэзам щыжиIауэ щытащ 2030 гъэм ирихьэлIэу республикэм псэупIэу щаухуэм и куэдагъыр псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 761-м нагъэсыну. Зэрынэрылъагъущи, республикэр а бжыгъэхэм тегушхуауэ хуокIуэ.

Къыхэдгъэщынщи, къэралым и щIыналъэхэм псэупIэу щаухуэм и куэдагъымкIэ Мэзкуу областыр япэ итщ. Нэгъабэ псэупIэу абы щаухуащ метр зэбгъузэнатIэ мелуан 11,4-рэ. ЕтIуанэ увыпIэр Краснодар крайм иIыгъщ - псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мелуани 6,7-рэ иIэу. Ауэ зы илъэсым къриубыдэу хэхъуэ нэхъыбэ къэзыгъэлъэгъуар Дагъыстэнырщ – процент 79-рэ. Нэгъабэ мыбы щаухуащ псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ мелуани 2,9-рэ.

Зи Iуэхур мыщIагъуэр Севастополь къалэрщ. ПсэупIэу яухуэм и куэдагъым процент 28-кIэ кIэрагъэхуащ икIи ар зэрыхъуар метр зэбгъузэнатIэ 346-рэщ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, 2024 гъэм Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм псоми зэхэту щаухуащ псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ мелуани 107,8-рэ. Ар проценти 2,4-кIэ е мелуани 2,7-кIэ нэхъ мащIэщ 2023 гъэм яхузэфIэкIам нэхърэ.

ТАМ Заур.

● ТекIуэныгъэ Иным ирихьэлIэу

Iэщэр къалэмым дэзыщта

Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым дигу къыдогъэкIыж, къалэм гъэбзэным къызэрыхуигъэщIар наIуэрэ пэт, Iэщэр Iэпэгъу зыхуэхъуахэр. Апхуэдэхэм я щапхъэщ республикэм и щэнхабзэми гъуазджэми хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, Хэку зауэшхуэм и орденым и етIуанэ нагъыщэр зыхуагъэфэщауэ щыта цIыхубэ лэжьакIуэ, зэдзэкIакIуэ Бер Хьэбалэ.

БЕР Хьэбалэ Къантемыр и къуэр Тыжьей (Кыщпэк) къуажэм 1924 гъэм къыщалъхуащ. Хьэбалэ илъэситху ирикъуа къудейт и адэ Мэзло Къантемыр цIыху лажьэншэхэр зыгъэкIуэд политикэ лыхьэжым щихьам. «Лъэпкъым и бийм» и къуэр кърагъэлын папщIэ, КIунэ, арат Хьэбалэ и анэм и цIэр, и дыщ игъэзэжри, щIалэ цIыкIур езым и унэцIэмкIэ иригъэтхащ. 1931 - 1935 гъэхэм Хьэбалэ Тыжьей дэт пэщIэдзэ еджапIэм щоджэ. Етхуанэ классым нэса нэужь, щIалэ гурыхуэр Налшык дэт пионерхэм я уардэунэм къедза интернатым щIагъэтIысхьащ, а зэман дыдэм макъамэ къызэрыкI Iэмэпсымэхэми хуеджэу, курыт щIэныгъэр етIуанэ къалэ школым щызригъэгъуэтащ. Музыкальнэ школыр къиухауэ, илъэсий курыт щIэныгъэ иIэу, Хьэбалэ Къэбэрдей АССР-м ГъуазджэхэмкIэ и IуэхущIапIэм и унафэкIэ Урысейм и щыхьэрым ягъакIуэ.

1939 - 1941 гъэхэм Берыр Мэзкуу Чайковскэм и цIэр зэрихьэу дэт консерваторэм и музыкальнэ училищэм щоджэ. А еджапIэм илъэситI щихьауэ, Мэзкуу дэт 110-нэ школым и епщIанэ классри къиухауэ, Хэку зауэшхуэр къохъей. Берыр яхэтащ бийр Мэзкуу къыдамыгъэхьэн папщIэ ирагъэкIуэкIа ухуэныгъэ Iуэхухэм. ИужькIэ, 1942 - 1943 гъэхэм ар Къэрал политехническэ музейм щолажьэ, Мэзкуу метрополитеным и ухуакIуэхэми яхэтщ. 1944 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Берыр щолажьэ Мэзкуурэ Мэзкуу областымрэ ЗыхъумэжынымкIэ я IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм. А IэнатIэм Iуту дзэм ираджа Хьэбалэ 1947 гъэ пщIондэ хэтащ зауэм, взводым и унафэщIым и къуэдзэрэ жыжьэрыуэ топхэм япэрыту. Зауэ IэнатIэм къыщыхэжаныкIа Берым къыхуагъэфэщащ «Мэзкуу зэрахъумам папщIэ», «Будапешт къызэраштам папщIэ» «Прагэ хуит къызэращIыжам папщIэ» зи фIэщыгъэ медалхэри нэгъуэщI щытхъу дамыгъэхэри. 1945 гъэм Берыр Советыдзэм щIыгъуу щыIащ Австрием, Румынием, Болгарием.

Дзэм къулыкъу щищIэн иуха нэужь, Берыр 1947 гъэм республикэм къокIуэж. И лэжьыгъэр зэрыщIидзар Бахъсэн къэрал банкым и инспекторущ. Ауэ игурэ и псэкIэ зытхьэкъу лэжьыгъэм ар щыпэрыхьар 1948 гъэрщ. Хьэбалэ ягъэуват Къэбэрдейм къафэмрэ уэрэдымрэ и ансамблым и унафэщIу. А IэнатIэр абы иIыгъащ 1950 гъэ пщIондэ.

А илъэс дыдэм, бадзэуэгъуэм и зым, Берыр ягъэув Республикэм ТворчествэмкIэ и унэм и методист-консультанту. Бер Хьэбалэ и лэжьыгъэр щIэх-щIэхыу къыхэщырт «Къэбэрдей пэж» газетым къытехуэ тхыгъэхэм. Псалъэм папщIэ, 1951 гъэм, бадзэуэгъуэм и 3-м газетым къытехуащ Налшык щекIуэкIа, Уэрэдым и махуэшхуэм теухуауэ: «Хьэмид» гухэлъ уэрэду Бер Хьэбалэ зэхилъхьам совет цIыхубэм я зэхущытыкIэр къегъэлъагъуэ, бзылъхугъэхэмрэ цIыхухъухэмрэ зэкъуэту Хэкур ирагъэфIэкIуэным зэрыхуэунэтIар къыхощ».

Къэбэрдейм и уэрэджыIакIуэ гупхэм я пашэу Берым гъунэгъу республикэхэр къызэхикIухьу щытащ. 1951 гъэм «Къэбэрдей пэжым» къытехуащ Дзауджикау (иджы - Владикавказ) кърат ыкI репортажыр: «Тхьэмахуэ кIуам Къэбэрдейм и уэрэджыIакIуэ гуп нэхъыфIхэм гъунэгъу республикэм и щыхьэр Дзауджикау концерт щатащ. Бысымхэм хьэщIэхэр гуапэу ирагъэблэгъащ. Концертыр къызэIуихащ Бер Хьэбалэ зи унафэщI, Налшык къалэм и хорым. Абы игъэзэщIащ «Сталиным техуауэ къэбэрдей уэрэдыр», «Хьэмид», «Дэ мамырыгъэр къыхыдох» уэрэдхэр.

Партым зэрыхэтым, щыхьэрышхуэм зэрыщеджам, макъамэм пыщIа щIэныгъи зэриIэм Берым къулыкъукIэ ефIэкIуэну гъуэгу бгъуфIэ къыхузэIуихырт. 1951 гъэм и жэпуэгъуэм ар ГъуазджэмкIэ унафэ щIапIэм Ленинград егъакIуэ Ленинград консерваторэм щат курсхэм щеджэну. Ар къиуха нэужь, 1952 гъэм Берыр ягъэув республикэм ТворчествэмкIэ и унэм и унафэщIу икIи илъэсибгъукIэ абы щолажьэ. Абы тетыху Берым и фIыгъэкIэ IэнатIэм ехъулIэныгъэ куэд иIащ, адыгэ щэнхабзэр нэхъри ефIэкIуащ. 1950 гъэхэм Къэбэрдеймрэ Осетие Ищхъэрэмрэ я щэнхабзэ лэжьакIуэхэм зыр адрейм деж щIэх-щIэхыу щыхьэщIэу программэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэдаублат, ар куэдкIэ и фIыгъэт Бер Хьэбалэ. Абы и лэжьыгъэр фIыуэ къегъэлъагъуэ 1952 гъэм газетым къытехуа зы тхыгъэм: «РеспубликэмтворчествэмкIэ и Унэм нэхъыфIу къалъытэ адыгэ уэрэдих иригъэтхащ. Абыхэм яхэхуащ: «Сталиным теухуа Къэбэрдей уэрэдыр», «Дуней псор иремамыр», нэгъуэщIхэри. Уэрэдхэр урысыбзэкIи адыгэбзэкIи дунейм къытехьащ, дэтхэнэ зы къыдэкIыгъуэри минищым нэблагъэу. Жэпуэгъуэм и кIэм Унэм къыщIигъэкIынущ адыгэбзэкIэ зэрадзэкIа зы акт хъу пьесэхэр, театрым щылажьэ артистхэм я зэфIэкIымрэ зэманым къезэгъымрэ щызэпэлъытауэ».

1961 гъэм и мэкъуауэгъуэм Берыр ягъэув ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ къэрал драмэ театрым и унафэщIым и къуэдзэу. Абы и ужькIэ творчествэмкIэ унэм къегъэзэж, иужькIэ - радиом щолажьэ. 1971 гъэм Хьэбалэ «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIаща нэужь, лъэпкъ театрым и унафэщI ящIри, а IэнатIэм илъэсищкIэ пэрытащ.

Анэдэлъхубзэр зи IэпэгъуIэм ямыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым бзэр ефIэкIуэн папщIэ зэдзэкIыгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэм. ХамэбзэкIэ дунейм щыцIэрыIуэ хъуа тхыгъэхэм сыт хуэдизу акъылыр ямытхьэкъуми, «адыгэпсэ къаIукIа» нэужь, ахэр гум пэгъунэгъу мэхъу, зи бзэр зыщIэм и гупсысэм лъагъуэщIэ къыхузэIуех, анэдэлъхубзэр упсэуху гугъэтIыс Iэмэпсымэу узэриIэр къуигъэщIэжу. Апхуэдэ хъугъуэфIыгъуэхэм язу адыгэ литературэм егъафIэ куржы усакIуэ Руставели Шота и IэдакъэщIэкI «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлIыр», усакIуэ гъуэзэджэ Тхьэгъэзит Зубер зэридзэкIар. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ Руставели и тхыгъэшхуэм и зэдзэкIыгъэ щIэрыпс къытIэрыхьауэ щытащ, зи гугъу тщIы Бер Хьэбалэ и Iэрытхыу. И IэдакъэщIэкIым и кIэм нэмыплъысами, усакIуэм и лэжьыгъэр гулъытэ зыхуэфащэу къыщIэкIащ. Хьэбалэ и къуэ Азрэт къызэрыджиIамкIэ, и адэр абы илъэс 35-кIэ елэжьауэ дунейм ехыжащ, поэмэр иухыным едзыгъуи 156-рэ фIэкIа къэмынэжауэ. Гум дэмыхьэнкIэ Iэмал иIэкъым егугъупэу зэдзэкIакIуэм ар зэритхыжа хъэтI гъэкIэрэхъуар. ЩIэджыкIакIуэхэми ягу ирихьа лэжьыгъэ абрагъуэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, тхылъу къыдэкIакъым. Тхьэгъэзит Зубер и зэдзэкIыгъэри къыдэбгъэкIыжыну зэрыхуэфащэм къыдэкIуэу, зы лъэпкъ тхыбзэм зэдзэкIыгъэу тIу зэрыхэтыр зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым.

ЧЭРИМ Мариаиннэ.

Къалэхэм зрагъэужь

КъэкIуэну илъэситхум Кавказ Ищхъэрэм и къалэ 14-м зэрызрагъэужьыну щIыкIэр ягъбелджылынущ.

- УФ-м и Президентым пщэрылъ къытщищIар дгъэзащIэу, мастер-план 200-м нэс зэхэтлъхьащ, ахэр 2030 гъэ пщIондэ къэтщтэн хуейщ. Абы хэтщ КИФЩI-м и къалэхэри: Минеральные Воды, Георгиевск, Ставрополь, Черкесск, Налшык, Махъэчкъалэ, нэгъуэщIхэри, - жеIэ ДОМ.РФ IуэхущIапIэм къалэхэм зегъэужьынымкIэ и унафэщI Финогенов Антон.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, къэралым лъэпкъ Iуэхухэм хыхьэу щагъэзащIэхэр мастер-планхэм къыщыгъэлъэгъуахэм ирагъэпщэн хуейщ. «УФ-м и Правительствэр зыхущIэкъур фейдэ, сэбэп нэхъыбэ зиIэну Iуэхухэр гъэбелджыла зэрыхъунырщ. Лэжьыгъэшхуэ къытпэщылъщ, абы къыхэкIыу Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм гулъытэ хэха яхуэщIыпхъэщ», - жиIащ къулыкъущIэм.

Финогеновым къызэрыхигъэщамкIэ, Осетие Ищхъэрэ-Аланием и щыхьэр Владикавказ и мастер-планыр зэхагъэувагъэххэщ. КъищынэмыщIауэ, иужь ихьащ Ингуш Республикэм щыпсэум и процент 80-р зэрыс Магас, Нэзран, Сунжэ къалэхэр экономикэ, щэнхабзэ, социальнэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ зэгъэуIуа зэрыхъунум.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

И гъэсэнхэм ядилъагъум иронасыпыфIэ

Шэру Заринэ илъэс куэд хъуауэ гъэсакIуэ IэнатIэм пэрытщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр къудамэр къыщиухащ. Иджыри еплIанэ курсым щIэсу гъэсакIуэу лэжьэн щIидзащ, сабийхэм яхэтыным, игъэсэным, я зыужьыкIэм кIэлъыплъыным хилъэгъуащ псэ гурыфIыгъуэ. Мы зэманым Щхьэлыкъуэ къуажэм дэт сабий сад №2-м и лэжьакIуэщ. ЗэрыжиIэмкIэ, цIыкIухэм я псэ къабзагъэм итхьэкъуащ. Сыт хуэдэ и ехъулIэныгъэхэр, и гъэсэнхэм заужьын папщIэ къигъэсэбэп IэмалхэР? Абы теухуауэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ Заринэ.

- Гъэсэнхэр дауэ къыдэпхьэхрэ?

- ГъэсакIуэмрэ сабиймрэ я кум дэлъын хуейщ хуабагъэ. ГъэсакIуэу улэжьэфынукъым сабий фIыуэ умылъагъумэ, абы и дунейр зыхыумыщIэмэ, пхуэмыгъэгуфIэмэ, зыгъэнэщхъейр къыбгурымыIуэмэ. ИтIанэ, гъэсакIуэм и лъагъуныгъэр сабийхэм псоми зэхуэдэу яхурикъун хуейщ. А цIыкIухэм уащытхъуныр, уакъыщхьэщыжыныр, и гум уемыуэу бущииныр - си гугъэмкIэ ар тыншкъым. Мытыншми, апхуэдэ къалэн щыбгъэзащIэм и деж псэкIэ къулей уохъу. Сэ сытетщ апхуэдэ хабзэхэм.

- Сабийхэм зегъэужьынымкIэ Iэмалу къэбгъэсэбэпхэр...

- Абы Iэмалу иIэм нэхъыщхьэу зыбжанэ къахызогъэщхьэхукI. ДжэгукIэхэмкIэ цIыкIухэр гъэсэныр мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Сабий садым кIуэхэм джэгуурэ заужьын хуейщи, а дэ зыхедгъэщIыкIыну дызыхуейр езыхэм фIыуэ ялъагъу, зыдихьэх Iуэхум хэдухуанэурэ ягурыдогъаIуэ. ДжэгукIэ Iэмалым къыкIэрыхуркъым яжепIэр ебгъэлъагъуныр. Я нэм илъагъур я гум нэхъ щIэхыу ираубыдэри, псалъэм щапхъэ дэщIыгъун щIыхуейри аращ. Ещанэрауэ, сабийм и IэхэмкIэ зыгуэрхэр егъэщIэн хуейщ. Ар пэщэщэху мэгупсысэ. Абы хеубыдэ сурэт щIыныр, пластилинкIэ лэжьэныр, щыгъэзэфIэблэныр, хьэпшып цIыкIуфэкIухэр щIыныр.

НыбжькIэ тIэкIу нэхъыжьыIуэхэм къагурымыIуэм щIэупщIэфу, гъэхуауэ жэуап ятыфу, тегушхуауэ я гупсысэр жаIэфу догъасэ. Мыбы щыгъуэм деж цIыкIухэр зэпеуэхэм хыдогъэхьэ, абыхэм увыпIэхэр къыщахьри, нэхъри тогушхуэ щIэщыгъуэ къащIэным.

Псом хуэмыдэу сыхущIокъу сабийхэм хьэл дахэ яхэслъхьэным, гущIэгъур зищIысыр къагурыIуэу, ныбжьэгъу хъуфу, дэчых яIэу, нэгъуэщIым къыщхьэщыжу, я бзэм пщIэ хуащIу згъэсэным. «Ирехъу ди щIэблэр дэ цIэрыIуэ! Лъэпкъ гъэщIэращIэ ахэр тхуищI!» - жиIэгъащ «бэм я уэчылкIэ» зэджэу щыта ПащIэ Бэчмырзэ. Мис абыкIэ сахуохъуахъуэ ди щIэблэм.

- Гъэсэнхэм уащыхэткIэ гукъыдэж къозытыр сыт?

- Хуиту мыпсэлъэфу, къыздашам яцIыху щымыIэу, езыр-езыру мышхэфхэри яхэту къытхуашэ сабийхэм зэрызаужьым, зэрыхэхъуэм, я гупсысэхэр къызэрызэрыкIым ущыкIэлъыплъкIэ, а псом хэплъхьэ уи лэжьыгъэмрэ ябгъэдэплъхьэ гуапагъэмрэ зэрымыпщIэншэр щыплъагъукIэ, дауэ уи гур хэмыхъуэнрэ! Я нэгу цIыкIухэр зэIухауэ, я нэхэр къилыдыкIыу, щIэщыгъуэ ебгъэщIэныр пэплъэу къакIуэ сабийхэм сащыхэткIэ, согуфIэ.

- IэщIагъэм ущиIэ ехъулIэныгъэхэм я гугъу уэзгъэщIынут.

- ИлъэсиблкIэ Налшык къалэ дэт сабий сад сыщылэжьауэ, сыкъыщалъхуа, сыкъыщыхъуа къуажэм дэт сабий садым гъэсакIуэу сыкъэкIуэжащ. Ар 2018 илъэсрати, абы техуэу сыхагъэхьащ «Урысейм и гъэсакIуэ нэхъыфI» зэпеуэм. Лауреат сыщыхъуащ, лэжьыгъэм къыщысхуэщхьэпэ Iэмал, щапхъэ куэди къыхэсхащ.

ГъэсакIуэм езым сыт щыгъуи зиужьын хуейщ, зэхъуэкIыныгъэхэм хуэхьэзыру, абыхэм къигъэщхьэпэн къыхихыфу, зэманым декIуу лэжьэн папщIэ. Илъэс 13 хъуауэ гъэсакIуэ IэнатIэм сыпэрытщ. Си лэжьыгъэм папщIэ къысхуагъэфэщащ щIыхь тхылъхэри.

Епсэлъар
ГУГЪУЭТ Заремэщ.

Черкесск хуэугъурлащ

Урысейм ТхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) и зэгухьэныгъэм и президентым и Кубокыр къэхьыным хуэунэтIа урысейпсо зэхьэзэхуэ Черкесск къалэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 25-м я спортсмен 400-м щIигъу. Ахэр я ныбжькIэ илъэси 10 - 11, 12 - 14 хъухэрт икIи я хьэлъагъэрэ ныбжьрэ елъытауэ гуп-гупкIэрэ гуэшауэ щытащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэм хэту зэхьэзэхуэм щыIащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Хьэщыкъуей Руслан икIи етIуанэ увыпIэр абы къыщихьащ. НыбжьыщIэм зыкъыщигъэлъагъуэр килограмм 37-рэ зи хьэлъагъхэм я дежщ, ауэ мы зэпеуэм апхуэдэ гуп зэрахэмытам къыхэкIыу, килограмм 40 хъухэм ар хагъэхьащ.

Зэрынэрылъагъущи, мыбдежым Руслан къэдзыхакъым абы щхьэкIэ. ЗэIущIищ къыпэщылъати, кIэух зэхьэзэхуэм и Iыхьэ никъуэм икIын папщIэ ар хуэзащ Дон Iус Ростов къалэм щыщ Горохов Марк. Ди щIалэр абы гугъу дехьэми, ар хигъэщIащ. АдэкIэ кIэух зэпеуэм Хьэщыкъуейм аргуэру къыщыпэщIэтащ ростовдэс Федоров Богдан, ауэ мыбдежым и къару хурикъужакъым икIи дыжьын медалымкIэ арэзы хъун хуей хъуащ.

Къыхэдгъэщынщи, тхэквондом зэрызыхуигъасэ илъэситхум къриубыдэу, Хьэщыкъуейр Черкесск къалэм япэу щыIауэ аращ. Мы зэхьэзэхуэр Къэрэшей-Шэрджэсым и къалащхьэм илъэс къэс щрагъэкIуэкI, зэпеуэ нэхъ лъэщхэм хабжэ икIи къэралым и спортсмен нэхъыфI дыдэхэр хэт хабзэщ.

Хьэщыкъуей Руслан зэхьэзэхуэм хуэзыгъэхьэзырар Унэжокъуэ Абдельджэбарщ.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

Суздаль къащыпоплъэ

Кавказ Ищхъэрэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ Владикавказ къалэм щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ щIыналъэхэм я бэнакIуэ 250-рэ, гуп 12-у гуэшауэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэм зэхьэзэхуэм хъарзынэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Ди щIалэхэм ящыщу Атэлыкъ Темыркъанрэ Емуз Темырланрэ я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм дыщэ медалхэр къыщахьащ. Зэпеуэм етIуанэ щыхъуащ Кхъуэныхь Дамирлан.

Темырчы Темырлан, Жылокъуэ Iэдэм, Тэнащ Аслъэнбэч, Тет Данил, ХъуэкIуэн Имран, Лафыщ Рустам сымэ ещанэ увыпIэхэр къахьащ.

Владикавказ щызэхэта зэIущIэр ирагъэкIуэкIащ «Физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьын» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ. Абы япэ увыпIищыр къыщызыхьахэм Iэмал ягъуэтащ УФ-м алыдж-урым бэнэкIэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэу мы гъэм и мэлыжьыхьым Суздаль къалэм щызэхашэнум я зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуэну.

Бзылъхугъэ IэпэIэсэ

ДыщэкIхэм я дунейпсо махуэр щIышылэм и 31-м ягъэлъэпIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ дыщэкI цIыхубз, дизайнер IэпщIэлъапщIэ Балъкъыз ФатIимэ ящыщщ щIыналъэр зэрыгушхуэ, зи Iэпэм дыщэ къыпыщхэм.

ФАТIИМЭ зэрыцIыкIурэ гъуазджэм, сурэт щIыным дахьэхырт. Пщащэм бгъэдэлъ зэчийм гу лъызыта адэ-анэм хъыджэбзыр нэхъри трагъэгушхуэу, абы зэрызрагъэужьыным сыт щыгъуи хущIэкъуу къекIуэкIащ. Етхуанэ классым щIэсу Налшык къыщызэIуаха художественнэ школым щIагъэтIысхьащ. Ар я гъэсэнщ егъэджакIуэ Iэзэху Кавпаков Геннадийрэ Братишкэ Валентинэрэ.

Зыхуеджэну IэщIагъэр къыщыхихыну пIалъэр къыщыблагъэм, Дагъыстэным и художественнэ училищэм щIэтIысхьащ, экзаменхэр фIы дыдэу итри, 1990 гъэм Кубань къэрал университетым и художественно-графикэ факультетым и щIэныгъэм щыпищащ. Ар ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, КъБКъУ-м декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ и факультетым (ДПИ) илъэсихкIэ щригъэджащ. Налшык Лениным и цIэр зезыхьэ и уэрамым къыщызэIуиха IуэхущIапIэм и дэлъху Ахьмэд и гъусэу щолажьэ, мывэ лъапIэхэм, дыщэм, дыжьыным хьэпшып гъэщIэгъуэнхэр къыхащIыкIыу.

2006 гъэм щыщIэдзауэ ФатIимэ хэтщ Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм. Кавказ Ищхъэрэм, Москва къалэм, Тунисым, Германием, нэгъуэщI щIыналъэхэм щекIуэкI гъэлъэгъуэныгъэхэм и лэжьыгъэхэр хагъэхьэ. 2003 гъэм ахэр Налшык щагъэлъэгъуащ. Цlыхубз IэпщIэлъапщIэм къыхуагъэфэщащ Урысейм и Арт комитетым и лауреат щIыхьыцIэр, Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я дыщэкI гъуазджэр зэрихъумэм, къызэригъэщIэрэщIэжым, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ а IэщIагъэ дахэм зэрыдригъэхьэхым папщIэ.

Дыщэм, дыжьыным къыхищIыкIа, мывэ лъапIэхэмкIэ игъэщIэрэщIэжа хьэпшыпхэр щыплъагъукIэ дыщэкI гъуазджэм и курыхыр зыхыбощIэ. ФатIимэ жэуаплыныгъэшхуэ пылъу егъэхьэзыр зыкъыхуэзыгъазэхэр зыщIэлъэIу хьэпшып зэхуэмыдэхэр. Апхуэдэ дыщэ, дыжьынхэкIхэр унагъуэм къихъуэ щIэблэм зэрахьэныр, зэIэпахыныр хабзэщ.

- Си Iуэхур къызэрекIуэкIам сыщегупсыскIэ къызолъытэ а IэщIагъэм сыкъыхуигъэщIауэ, - жеIэ ФатIимэ. - Зэгуэр си лъэпкъыр къызытехъукIыжам и IэщIагъэр къэсщтэжауэщ къызэрыслъытэр.

ФатIимэ зэрыжиIэмкIэ, и хъыджэбз унэцIэр - Хьэжыр - къызытехъукIар дагъыстэн лъэпкъым къыхэкIащ. Аль-Азхар университетыр къэзыуха ХьэжыкIэ зэджэ дагъыстэн щIалэр и къуэшым и гъусэу Каир къикIри, 1706 гъэм мы щIыпIэм къэкIуащ, ислъам диныр ди цIыхухэм кърагъэщтэну. Ахэр ХьэтIохъущокъуэпщым и деж къыщыувыIэри, ди щIыналъэр псэупIэ яхуэхъуащ. А щIалэм адыгэ цIыхубз щхьэгъусэ хуэхъуащ. Абыхэм къатехъукIыжахэр адыгэ лъэпкъым хэшыпсыхыжащ икIи Хьэжы унэцIэр зэрахьэ.

ФатIимэ хабзэ, нэмыс щызекIуэ адыгэ унагъуэ дахэ исщ. Цlыхубз IэпщIэлъапщIэр, и анэ ХьэцIыкIу Нафисэти хуэдэу, жэуаплыныгъэ зыхэлъ, бзылъхугъэ куэдым я щапхъэ цIыху пэж, щэныфIэ, акъылыфIэ хъужащ. ФатIимэ щхьэгъусэ хуэхъуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Балъкъыз Валерэ. Республикэм исхэм фIыуэ яцIыху, куэдым я чэнджэщэгъу цIыху акъылыфIэт Валерэ и адэ БетIали. Я нэхъыжьыфIхэм яхуэфащэу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, зым и лэжьыгъэр адрейм дигъэпсынщIэу зэдопсэу зэщхьэгъусэхэр.

Балъкъыз унэцIэр къызытехъукIам теухуауэ ФатIимэ къытхуиIуэтэжари гъэщIэгъуэнщ. Балъкъ Iуфэм нэхъапэм пшахъуэ язурэ дыщэ къыхахыу зэрыщытам а унэцIэр къытекIащ. Иджы а лъэпкъым дыщэ щхьэкIэ пшахъуэ щIазын щхьэусыгъуэ яIэжкъым, зи Iэпэм дыщэ къыпыщ цIыхубз IэпщIэлъапщIэ я лъэпкъым къыхэхъуащи.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Бжыгъэхэр

Ди деж щыпсэухэм къахохъуэ

Урысей Федерацэм и Росстатым къызэритамкIэ, 2025 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу, зэкIэ къызэрабжамкIэ, ди къэралым щыпсэухэр цIыху мелуани 146-рэ мин 28-рэ 325-рэ хъуащ. 2024 гъэм къриубыдэу цIыху бжыгъэм процент 0,08-кIэ хэщIащ.

АПХУЭДЭУИ Росстатым къигъэлъэгъуащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 20-м исхэр нэгъабэ нэхъыбэ хъуауэ. Абыхэм яхэтщ Мэзкуу, Ленинград областхэр, Ингуш Республикэр. Псори зэхэту къэпщтэмэ, хэхъуэ нэхъыбэ зиIэхэр Кавказ Ищхъэрэ, Ищхъэрэ-КъухьэпIэ, Курыт, Урал федеральнэ округхэрщ.

2024 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу ди къэралым и цIыху бжыгъэр мелуани 146-рэ мини 150,8-рэ хъууэ щытащ.

Росстатым къигъэлъэгъуа бжыгъэхэм хэткъым къэралым къыхыхьэжа Донецк, Луганск республикэхэм, Запорожье, Херсон областхэм щыпсэухэр.

Ди республикэм и гугъу тщIымэ, урысейпсо цIыху къыхэтхыкIыныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, 2025 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я бжыгъэр 905 915-рэ хъуащ. Абы щыщу цIыху 468 564-р (процент 51,72-рэ) къалэдэсхэрщ, 437 351-р (процент 48,28-р) къуажэдэсхэрщ.

Псори зэхэту къэралым щыпсэухэм я бжыгъэр къапщтэмэ, абы и процент 0,62-р ди республикэм къылъос.

Зэдгъэпщэнщи, 2024 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу ди республикэм щыпсэуащ цIыху 905 464-рэ. Абыхэм ящыщу 468 249-р къалэдэсу, 437 215-р - къуажэдэсу. Зэрынэрылъагъущи, псори зэхэту республикэм щыпсэухэм, къалэдэсхэмкIи, къуажэдэсхэмкIи, я бжыгъэр нэхъыбэ хъуащ, нэгъабэрейхэм елъытауэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Псори ятх

Туризм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къурш лъагъуэхэм къыщызыкIухьыну нэгъабэ зезыгъэтха туристхэм я бжыгъэр мини 3-кIэ нэхъыбэ хъуащ 2023 гъэм нэхърэ. 2024 гъэм ахэр мини 20-м щIигъуащ, абы ипэ ита илъэсым - мин 17-щ.

«КЪУРШ лъагъуэхэм къыщызыкIухьыну, къуршыщхьэм дэкIыну мурад зиIэ турист гупхэм ди деж зыщрагъэтхын хуейщ япэщIыкIэ. Зэзэмызэххэщ къыщыхъур туристыр зыми яжримыIэу Iуащхьэмахуэ щыдэкI», - жиIащ УФ-м и МЧС-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Надежин Михаил.

Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ а Iуэхур тэмэму щIызэтеублар къегъэлакIуэхэр, Кавказ.РФ-р, Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэр быдэу зэпыщIауэ, сыткIи зэрыщIэу зэрызэдэлажьэр арауэ зэрыщытыр.

2024 гъэм ди республикэм щыIащ туристу мелуан 1-рэ мин 785-рэ икIи ар процент 16,4-кIэ нэхъыбэщ 2023 гъэм къэкIуахэм нэхърэ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Жып телефонымрэ узыншагъэмрэ

Абы дегъэпIейтей

Телефонымрэ интернетымрэ апхуэдизкIэ гъащIэм щыщ хъуащи, арыншэу псори къызэтеувыIэн къыпщохъу.

2011 гъэм ди къэралым телефону кърашам и бжыгъэр Урысей Федерацэм щыпсэу цIыхухэм я бжыгъэм нэхърэ 1,5-кIэ нэхъыбэщ. А псор жылагъуэм хаутIыпщхьащ, телефоным къыпкърыкIынкIэ хъуну шынагъуэм зыри щамыгъэгъуазэу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, телефонкIэ узэрызэпсэлъэфым лъабжьэ хуэхъу электромагнит къарур цIыхум и узыншагъэм зэран зэрыхуэхъур щадж IуэхущIапIэхэр диIэкъым. Нобэрей гъащIэр зэлъытауэ къытщыхъу телефонымрэ интернетымрэ я зэран къызэрыдэкIыр жыпIэкIи, куэдым я фIэщ хъуркъым.

ДызыщIэвгъэгупсысыжыт: сыт хуэдизрэ тIэщIэлъ телефоныр? Абы нэхъ гулъытэ нэхъыбэ зыхуэтщIрэ, махуэ псом къыддекIуэкIрэ щыIэкъым. Нэхъыжь-нэхъыщIэ имыIэу, псоми яIэщIэлъщ. Абы къыхэкIыу Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм электромагнитым къыпкърыкI зэраныр иужьрей илъэс 20-м иджауэ, абы зэрыпэщIэтын Iэмал мэлъыхъуэ. ИрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ: щхьэкуцI лыших зэфыкIхэм я бжыгъэр куэдкIэ зэрыхэхъуар зи ягъэр телефонырщ. Ар къэхутэным елэжьащ дуней псом нэхъ цIэрыIуэ дыдэу щыIэ щIэныгъэлI 31-рэ. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, илъэсипщIым къриубыдэу махуэм дакъикъэ 30-кIэ телефонкIэ псэлъахэрщ лыших узыр процент 40-кIэ нэхъыбэу зэуалIэр.

КъызэрыщIэкIымкIэ, хамэ къэралхэм ахъшэшхуэ трагъэкIуадэу къыщагупсыса, санитар-эпидемиологие мардэхэм къемызэгъ телефонхэм къапыкI зэранымрэ узыфэхэмрэ Урысейм мылъкушхуэ трагъэкIуадэурэ щагъэхъуж... ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, электромагнитыр псом хуэмыдэжу зэуэр иммунитетырщ. ЖыпIэнуракъэ, зэтрекъутэ.

ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ заужьами, псэущхьэу щыIэм я щхьэжу къигъэщIа цIыхум япэ дыдэу езым и фIэфIыныгъэкIэ и щхьэкуцIыр щызэIигъэхьэ зэманщ дызыхэпсэукIыр. Сыту жыпIэмэ, жып телефоным къекIуалIэ электромагнит къарур къыпхуэпщытэнукъым икIи пыбжыкIауэ къепшэлIэфынукъым. Ауэ щыхъукIэ, щхьэм кIуэн ипэ, тхьэкIумэкIуэцIыр зэтрекъутэ. МРТ-м, энцефалограммэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, телефоныр куэдрэ зи тхьэкIумэ Iулъхэм я щхьэкуцIым «щыпщIыпщI» импульсхэр егъэлеяуэ «зэрызохьэ». Гъуэлъыжар щIэмыжеифыр, гупсысэхэм хэмыкIыфу гугъу ехьхэм я щытыкIэр къызыхэкIри телефонырщ.

Шынагъуэщ дызытепсэлъыхь Iуэхугъуэр балигъхэм я закъуэ мыхъуу, сабийхэми зэрахуэлъэр. «Зэманыр шынагъуэ хъуащ, сабийр здэщыIэм, ищIэм дыщыгъуэзэн щхьэкIэ», - жытIэурэ, щIэблэм IэщIыдолъхьэ сэ жаным нэхъ рэ зыкIи мынэхъ тIасхъэу Iэщэ. Швецием, Норвегием, Франджым щрагъэкIуэкIащ щхьэ уз къызэфыкI ныбжьыщIэхэм ехьэлIа къэпщытэныгъэхэр. КъызэрыщIэкIамкIэ, псантхуэ уз зэфыкI, илъэс 15 - 17-хэм ит ныбжьыщIэхэм я процент 85-м ар къызыхахыр телефонырщ. Процент 36-кIэ нэхъыбэ хъуащ къэмэххэр, процент 82-кIэ - лъым ехьэлIа узыфэ шынагъуэ зэуэлIахэр.

Дигу къэдвгъэгъэкIыжыт... Сабий къалъхуагъащIэм гъын щигъэтын, теун папщIэ, телефонымкIэ макъамэ е «белый шум» жыхуэтIэр тедгъэувэурэ дапщэрэ бгъурытлъхьэрэ?! Хьэмэрэ, курыт еджапIэм щIэсхэм кърата унэ лэжьыгъэр телефонкIэ ящIыжу яIэщIэлъ?

Ди сабиигъуэм адэ-анэхэм дыщахъумащ нобэ зи гугъу тщIы электромагнитым. «ТелефонкIэ куэдрэ упсэлъэну къекIуркъым», - жыIэгъуэ закъуэм и фIыгъэкIэ пэш телефонхэм къапкърыкI гуащIэм и зэран къыдэкIакъым. Нобэ жып телефоныр яIэщIэлъщ Iэрпхъуэр хъуа сабий быдзафэхэми, япэ классым кIуахэми, лэжьапIэ Iутхэми, телефоныр зэштегъэу зыхуэхъуа ди нэхъыжьыфIхэми. Телефоным къыхах узыфэ шынагъуэхэм хэгъэхьэж щIыб узыр, щысиным ар Iушэ зэрищIыр, Iэ тхьэмпэм екIуалIэ хуэхэр зэригъэбэгыр, нэм зэрилъагъум зэрыкIэригъэхур, гупсысэр зэрызэтрихур, ныбжьыщIэхэм заукIыжыну зэрищIыр, узэрытригъэгупсысыкIыр, ар къагъэсэбэпурэ кибербзаджащIэхэм цIыхухэм я мылъкур зэрыIэщIагъэкIыр, нэгъуэщIхэри. УпщIэ къоув: ди гъащIэм тхухэмыхыжыну жып телефоным и зэран зэдмыгъэкIыщэу тхузехьэну?

ФЫРЭ Анфисэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.413
Заказыр №213
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмI я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(1, 3-нэ нап.)*.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.